ЖАҢАБАЙ ӘБДИРЕЙМОВ



# ПИЛ ҲӘМ АРЫСЛАН

*(Ертек ҳәм гүрриңлер)*

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» БАСПАСЫ
НӨКИС — 1981

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жас қәлемкеш Жаңабай Әбдиреймовтың қолыңыздағы «Пил ҳәм Арыслан» атлы топламы оның биринши мийнети. Топламдағы гүррињлер тийкарынан ҳәзирги күнлердиң турмысынан алынып «Пил ҳәм Арыслан» атлы ертеги—халық аўыз әдебияты тийкарында жазылған.

Топламдағы гүрриңлер ҳәм ертек тәсирли, оқыўға жеңил.

A $\frac{70303-65}{м-357\ (04)\ -81}$ 4802250000

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1981

www.ziyouz.com kutubxonasi



## АНА

1940-жыл. Мен бул ўақлары саррас сегиз жаста едим. Жаздың ыссы күнлериниң бири. Еки жағы диң аспанға тирелген тереклер менен қоршалған үлкен гүзар жол менен екеўимиз дуўры арқаға қарап жүрип баратырмыз.

Район орайынан шыққанымызға бираз ўақыт болса да жолымыз өнбегендей. Себеби артымызға бурылып қараған сайын районның тереги орнында қозғалмастан, қойыў қара булттай думанланып еңсемизден қарады да турды.

Күн қанша қапырық ыссы болғаны менен жүрип баратырған жолымыз қою сая. Жолдың оң жағындағы қалың тигилген узын ақ тереклер күнниң көзин бизлерден тасалайды.

— Жүре ғой, балам, жақынладық. Неде болса түске қалмай жетип қалайық,—деген соң мен жүрисимди тезлетип, изинен жетип, қатарласып жүрдим. Бираз жүрген соң:

— Шаршағансаңды, арқаңдағыны бере-ғой,—деп арқалап киятырған орамалдағы үлкенлиги баланың басындай еки жамбылшаны өзи алды. Бул жамбылшаларды



www.ziyouz.com kutubxonasi

бағана, азанда атам «еки балама апарып бер, жаңалық етсин» деп еле из түспеген атыздан үзип берип жиберген еди. «Шаршағаным жоқ, өзим ақ алып жүре берейин» десем, айтқанымды қылмады. Бунысыз да апамның жүги жеңил емес еди. Бир қолындағы палаў толтырылған үлкен көк кастрюль, екинши қолындағы кастрюльде қатық, пәтирлер, писирилген мәйек, қақ ерик, тағы соған усаған базарлықлар оралған түйиншиклер. Бул базарлықларды лагерьде пионер вожатый болып ислейтуғын Жумабай ағама, дем алып атырған Рысназар ағама алып киятырмыз.

Шеп жағымызда үлкен ерик бағы көринди.

— Мине, келдик,—деди апам жаңағы бағды нусқап. Мен сол ўақытта әдейи киятырған жеримизге келгенлигимди билдим. Сол жақтан келип гүзар жолға түйискен аяқ соқпаққа қайрылдық. Жол жоңышқа атызының иши менен жүреди екен. Көрпе жоңышқаның хош ийиси кеўилди көтерип, үлкен ләззетке бөлейди. Жолдың еки шетинде гүллери ҳәр түрли түске дөнген пәшеклер оратылып өскен. Пәшек гүллерине қонған гүбелеклер адамның аяқ сестинен сетем алып ушып бетлеримизге келип урады. Жоңышқалық таўсылған соң үлкен бақшашылық атызының ернеги менен жүрдик Қойыў саялы ерик бағына кирип келдик. Бағдың ишине арасын бир бирине жақын етип оңлаған шатыр қурған. Бағдың дәл ортасында ший менен қоршалған үлкен шертек тур. Апам шертекке қарап жүрди. Жақынлай бергенде Жумабай ағам менен Рысназар алдымыздан жуўырып шықты. Апам Жумабай ағамды баўырына тартып, кең маңлайынан ынтығып сүйди, бир қолы менен жас қозының әреби гүллерине мегзейтуғын буйра қойыў шашын аймалап сыйпар еди. Жумабай ағамды қоя берип, өзин қапсыра қушақлаған меннен үш жас үлкен Рысназарға айланады. Апам еки баласын бирден көрип жүдә ўақты хош болды. Сөйтип турғанда апама қарап қушағын ашып еки қыз шапқыласып келди. Булар бизиң аўылдан келген Сарыгүл менен Қалбийке еди. Екеўиниң де үстинде жуқа ақ көйлек. Сарыгүлдиң қызыл шырайлы жүзи бурынғыданда бетер ажарланып, қап-қара шашына тағылған қызыл жипек лентасы бир букет роза гүлин елеслетер еди. Қалбийкениң жылтыраған сары жипек шашына тағылған көк жасыл түсли лентасы өзине жарасықлы көрик берип тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумабай ағам ҳәммемизди шертекке қарап баслады. Лагерь балалары узын шертектиң астында түски аўқатқа отырған екен. Апам үйден әкелген базарлығын Жумабай ағама берди де, чай ишиўге отырды. Балалар аўқатын жеп болғаннан кейин шатырларына тарқасты. Рысназар олардан бөлинип қалып, екеўимиз бағдың сыртындағы жолды кесип өткен Қара сыйрақ жаптың көпириниң үстине келип отырдық. Аяғымызды муздай суўға малып отырып, көп ўақыт сөйлесип қалдық.

Сигнал даўсын еситип, лагерьге қайттық. Келсек лагерь пионерлери орнынан турып сапқа дизилген екен. Апам көриўден:

— Салқын түсти, енди қайтайық, балам,—деди.

Жумабай ағам менен Рысназар бизлерди гүзар жолға дейин шығарып салды. Бизлер жолға түскеннен кейин күн бираз салқын болды. Районның орайына демде-ақ келип қалдық. Қаланың орайлық көшесиндеги тарбайып өскен үлкен ақ талдың астында орналасқан көк будкадан бир стакан морс суўын ишкеннен кейин иркилместен қаладан шықтық. Жылўанның ғырра жағасындағы жол менен аўылға қарай жол тарттық. Күн тәўир ақ төмен еңкейип, өз уясына кириўге асығыўда. Еки бойы көк шөпке малынған Жылўанның ийрим тартып аққан ылай суўы айналаға салқынлық төгиўде. Усы кешки салқынның қушағында жүрип киятырған апам екеўимиз диң алдымыздан ойда жоқ жерден кишкене бир ўақыя гезлести.

Жаптың жағасында бес-алты жасларға келген қара бала шырлап жылап тур. Жаптың арғы жағасындағы жасы отызларға жақынлаған узын бойлы, бийдай реңнен келген келиншек суў болған қызыл узын көйлегиниң етегин сығып тур. Жаптың берги жағасындағы баланың тепсинип апалап жылаўы адамның қуйқасын жуўлатып, реҳимиңди келтиреди. Бала суўға түсейин деп шешинип көйлегин қолына алған, аяғын суўға салыпта көреди, тағы суўға кетемен бе деп қорқады. Жап шуңгил, ол суўға бала туўе үлкен адамларда бойламайды. Қәйтседе бала арғы жүздеги анасынан қалғысы келмей шырлап тур. Бирақ жаңағы ҳаялдың балаға басы айланатуғын түри жоқ, кийимлериниң суўын сығып болғаннан кейин кетпеге мейил берди.

— Ана ҳаял сениң нең?—деп сорады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Апам, өзимниң апам,—деди жаңағы бала өксиген баса алмай.

— Келин, ҳа, келин, тоқтай тур, бир ауыз тиллесип қалайық,—деп дауыслады апам кетип баратырған ҳаялға. Ҳаял тоқтап жаптың жағасына қайтып келди. Бала жылағанын қойды. Жаптың еки жүзинде турған бизиң апам менен жаңағы ҳаялдың арасында сөйлесиў басланды:

— Мынаў өзиңниң балаң ба?

— Аўа, тап өзимниң балам.

— Онда неге таслап баратырсаң?

— Тасламай неғылайын, шеше бизди әкеси таслаған соң. Аяғыма тусаў болар деп таслап баратырғаным, тағы сол ширкинниң туқымына жүзим түспесин. Ҳаял арғы жағада турып, барлық жағдайларды айтып берди. Бул ҳаялдың келиншек болып турмысқа шыққанына онлаған жыл болыпты. Күйеўи саўатсыз жай колхозшы екен. Әдепки ўақытлары жүдә татыў турыпты. Бирақ сәл жерде күйеўине ҳәмел тийисип, колхоздың өндириси болып сайланып, астына ат минген соң айныпты, бурынғы татыўлығы бузылыпты. Үйине анда-санда бир келетуғын болыпты, жоқ жерден жәнжел шығарып, келиншегиниң басынан таяқ айырмайтуғын «бәлеге» ушырапты. Булардың арасына түсип, сөзин тыңлайтуғын, кимдики дурыс кимдики шеп екенлигин айратуғын қәтқуда адам да табылмапты. Үйиндеги жалғыз кемпир баласының гүдибузарлығына «қой» деўдиң орнына келинин менен баласының «қызығына» қарапты. Ақыры ҳаял шыдай алмай күйеўинен кеўлиндеги мүттәҳәң не?—деп сорапты. Күйеўи бақ дәўлетим келген ўақта өзимниң ҳәмелиме сай қыз аламан, келген жолыңа түс»,—деп ашықтан-ашық дурис еттирип айтыпты. Ҳаялда көп саўдаласпастан «жүзиң қурсын, көрмегеним сен болғай» деп жалғыз баласына да қарамай үйинен шыға берипти. Баласы әкеси менен кемпириниң әри-бери алдастырғанын тыңламай, анасының изинен шырқырап жылап қалмапты. Ҳаял Жылўанның жағасын айланшықлап көрип, кийимлерин шешип, суўға түсип, өзи жаптың арғы шетине шығыпты. Баласы жаптың берги шетинде қалып, анасының анық таслап кететуғынына көзи жетип шырлап турғаны екен. Бизиң апам ҳаялға қарап:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Баланды адасып кетеди деп ойламадың ба, шаппаттай бала үйин қалай тауып барады?—деди.

— Барады, шеше, күнде ойнап келип жүрген жери, үй узақ емес, ҳа анаў ...—деди қолын арқаға шошайтып. Ырасында да басына гүдидей қылып от-шөп жыйналған үлкен сейисханалы жай ҳәм жайдың алдында тигилген қара үйдиң ақ шийи анық көринип тур. Апам солай қарап аз-маз нәзерин тигип турды да:

— Ҳә, жаңа билдим, анаў «қырқпа сақал» екен ғой, көрмедик ай, пейлин тасламаса нәрестеге нәзери түспес.

Келин баланды өзиң менен бирге алып кет, — деди апам.

— Қалай бирге алып кетермен. Мен қашанғы әкемниң үйинде отырарман. Көп болғанда бир жыл отырарман. Қайта хожалық болыў нийетим бар. Биреўдиң баласы екинши биреўдиң үйине сыя ма? «Кемпириниң изине ерип келген бала» атандырғанша әкесиниң үйине қалдырып кеткеним мақул болар деп ойлаған едим. Буны алып кетсем аяғыма тусаў болмайма?—деди келиншек тез-тез сөйлеп.

— Қайтадан хожалық болыў нийетиң дурыс. Себеби еле жассаң, өмириңниң қызығы алдыңда. Бирақ қай нәрсеге де сабырлық керек. Қайдан билесең, алдыңда не нәрселер гезлесетуғынын? «Бекирениң басы тасқа тиймегенше қайтпайды» дегендей, еле сол күйеўиң басы тасқа тийип алдыңа қуллықлап барып жүреме ...

— Ол мәжгүн, ахмақ адам,—деп ашшы даўыс пенен апамның сөзин бөлди ашыўға буўлыққан келиншек.

— Адамның ақыллы болыўыда, ахмақ болыўыда ҳәр түрли. Екеўинеде кишкене себеп болады. Сениң күйеўиңде бир ақ көкирек жигит қой. Бурын ҳеш нәрсе көрмеген байғұс, «ҳәмел қысып», астындағы минип жүрген аты көтерип, азмаз жолдан шығарған ғой. Бирақ ондай адамның жел өкпелиги узаққа бармайды, «қустың келиўи менен кетисиндей тез басылады...»

— Пай, шеше, «ширкинди» айта бермей ақ қойса ...

— Келин бала, онша алып уша берме. Жаслық дәўир ҳәммениң де басынан өткен. Әбзелинде ҳаялдың еркекке қарағанда шыдамлырақ болыўы керек. Сениң мәжгүн деп турған адамың еле басылып пәп-пәкизе ақыллы адам болады. Көп болғанда жылына дейин «жилли-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шилик» етер, «жаздым, жаңылдым» деп алдына бас урып барады ...

— Өйпбий шеше ай, қоймадың ғой айтып, қулағым шыңлап кетти. Жары жолға барғанда кеўилге түйген ойымды бузып, сарсан кесек ететуғын болдың аў.

—Бир бойы-сының келген келиншек екенсең, ақылың да соған сәйкес шығар деп шамалайман.,—Қанша ашыўланып, тикке шапшысаң да «қудайлығын» айтып қалажақпан, шырағым. Адам ашыў менен не қылмайды. Қай бир нәрсениң де изине қараў керек. Ойыңа алған не нәрсе болмасын ойланып, ақылға үграс ислеў керек. Саған басқа бай табылмайды деп атырғаным емес, табылады. Бирақ биринши қызлай қосылған адамыңдай болмайды. Сонлықтан қатты ойланыўың керек, балам. Усы ашыўланып кетип баратырған күйеўиңниң ақыллы я ақмақ болыўы саған байланыслы. Мениң саған қалыс тилегим: усы адамның дурыс жолға түсип, жақсы адам болыўының гүўасы болсаң дер едим. Ол адам сениң жақсылығыңды өле-өлгенше умытпас еди, қәдир-қәўметиңди дурыс баҳалаў қолынан келер еди. Ол жағын өзиң биле бер, бирақ саған бир пәндиў-нәсиятым: қәйткен жағдайда да балаңды қасыңнан қалдырма, аяғыңа түсаў болмайды, қайта үлкен гүзар жол болады, бахытың болады. Перзентиңди шырлатып жары жолда қалдырма, ақыры сен анасаң ғой,—деди апам жаптың арғы жағасында турған келиншекке салмақлы сөйлеп.

Кетип баратырған жолынан ирикken анама ашыўланып, кетиўге асығып тыпыршылап турған келиншек қәддинен өзгерилип, сам-саз болып қалды. Келиншек туўры маңлай алдындағы ап-анық көринип турған үй-жай бетине көзин тигип, азырақ қарап турды да жүзин төмен салып, оң қолын аўзына апарып көйлегиниң узын жеңин тислеп, аяғының астында пәтли ағып турған жылўанның ылай суўына көз алмастан бираз қарап турды.

Келиншек басын жоқары көтерип, айыплы адамдай тайсалақлап, апама нәзер таслады.

—Дурыс айтасаң, шеше мен дегбиримнен сасқан екенмен. Қәнекей енди баламды бери шығарып алсам, мен жүзиў билмейтуғын едим, өзим зордан өттим, жап болса, шуңгил,—деди ҳаял эсте сылбыр даўыс пенен гүналы пишинде берги жағадағы баласына телмирип қарап.

— Ҳәзир деди де, бизиң апам үстиндеги узын гүлли сатийин көйлегин шешип таслап, баланы мойнына мин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дирип арғы жағаға демде жүзип өтти. Апам жағаға жақынлаўдан ақ ҳаял апамның мойнындағы баласын көтерип баўырына басты. Ҳаял баласын баўырынан жаздырып жаптың ишинде ярым белинен суўда турған апама келип, қос қолынан алып турып:

— Берекет тап шеше, балаларыңның рәҳәтин көргейсиз,—деди.

— Сизде балаңыздың рәҳәтин көргейсиз,—деди апам ҳаялдың қолынан өзиниң қолын жаздырып. Сөйтти де апам үйректей берги жағаға шықты ҳәм жағада турған көйлегин тез кийип шықты. Бул ўақытлары жаңағы ҳаял баласын изине ертип, күнниң туўры батысына қарап асығыслық пенен кетип баратырған еди. Апам оларға азырақ мыйық тартып қарап турды да, маған бурылып:

— Ҳеш ўақыт ананы баладан, баланы анадан айырмасын, жүр балам бизлер де кете қояйық,—деди.

Бизлер жаптың ырашы менен жылўанның өрине қарай жүрип кеттик.

* * *

Қаланың ортасындағы китап дүканынан мен жүдә кеўилли шықтым. Себеби апамның изине ерип, аўылдан әдейи излеп шыққан екинши классқа тийисли барлық китапларды апам алып берди. «Енди сеннен тындым ба?» —деди апам китаптың табылғанлығына кеўли питип. Апамның булай деўиниң де жөни бар еди. Апам ҳәр түрли жумыслар менен қалаға барған сайын китап әкелип беремен деп кетип, қайтарсын умытып бос қайтқанына өзи жүдә өкинетуғын еди. Мен де оқыў жақынлаған сайын китап ушын тынышсызланып, апамның қулағының мазасын кетирген едим. Ақыры болмаған соң бүгин изине ертип шыққан еди. Мен китаптың табылғанына шексиз қуўанышлы едим. Себеби оқыўдың басланыўына саррас он күн қалған еди. Дүканнан шыға берип, нәрўан тереклер менен бүркелген көше менен жүре бергенимиз де сол, баяғы жап бойындағы көрген баласын бизиң апам суўдан арғы жағаға өткизип берген ҳаял ушырасты. Арадан бир жылдан көбирек ўақыт өтсе де мен ҳаялды айнытпай таныдым. Бирақ ҳаялда өзгерис бар: түрине қан жуўырып, шырайланған. Үстинде жасыл жипек көйлек, басында сары жипектен бир тартар орамал. Баяғы баласы да қасында, ол да толысып, қара



www.ziyouz.com kutubxonasi

домбай бала болыпты. Үстинде ақ көйлек, басы жалаң бас, шым қойыў қара шашы жылтырап тур. Ҳаял анамды көриўден қушақласып көристи. Бала да бизлерди таныды, төмен қарап, әстен мыйық тартып, маған қарап күле береди.

Апам жаңағы ҳаял менен тәўир-ақ сөйлесип қалды. Қалаға базарлап келген екен. Ҳаял әкесиниң үйинде еле отыр екен, колхоздың алдыңғы қатардағы ҳақыйқат билеги болыпты. Таслаған күйеўи бир жылдың ишинде үш ҳаял алып жиберипти. Талабы келиспепти, ҳәмелден де айырылыпты, ҳәзир жай колхозшы болып ислеп атырған көринеди. Жаздым, жаңылдым, бәрине қойдым, енди қосылайық деп еки рет ҳаялдың үйине адам жиберипти, бирақ ҳаял жуўытпапты. Өзи барып келиншегинен ҳәм туўысқанларынан кеширим сораўға, сағынып жүрсе де баласын бир барып көриўге бетим жоқ, деп араға адам салыў менен жүр екен. Ҳаял усыларды биримлеп айтып енди не қылсам екен?—деп анамнан ақыл сорағандай болыпты.

— Өзиниң айыбын сезип, ҳаялдың, баланың қәдирин жүдә билген екен, егер енди өзи кеширим сорап, ырасы менен қосылыўға тилек билдирип барса қосыла ғой, ҳеш айыбы жоқ, бундай адамлар кейининен жақсы болып кетеди,—деди бизиң апам ҳаялға.

— Қәйдем, мен көрген адам болса, оның келе болыўы қыйын, бирақ ақ көкирек-аў, деди ҳаял еки ойлы болып. Сол жерде ҳаял менен айырылыстық. Бизлер жылўаңды жағалап аўылға жүрип кеттик.

Жаңағы ҳаялдың өткен жылғы баласы менен еки жақта шырлап турған жерине жақынласып қалдық. Тап сол жерде, жағада үстинде шымшық көз ақ шыттан тигилген кир басқан көйлеги бар, басында жымырықланған көк қалпағы, қырма сақал, қара мұртлаш шүңирек көз, орта бойлы, еле қырқтан анықлап өтпе қоймаған бир адам туўры алдында, күнниң бир тар астына зеңирейип қарап турған еди. Сөйтти де төмен отыра қалып, аяғындағы көк шүберек етигин шеше баслады. Бизлер тап қасына жақынлағанда екиншин етигин шешип, шылғаўын ишине тығып атыр екен. Бизлердиң оның қасынан өтип баратырғанымызды билип, пүры қашқан көзин бир тигип қарады. Бизиң анамды таныйтуғын болса керек. «жеңгей саў жүрсиз бе», деп кеўилсизлеў сәлемлести. Дамбалын шешип таслап, ет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

игин қолына алып, үстиндеги көйлеги менен өзин сууға атып, арғы жағаға өтип, жалма-жан кийинди де баяғы ҳаялдың кеткен жағына қарай асығыслық пенен тез жүрип кетти.

Бизлер Жылўанды жағалап, бираз жүргеннен кейин алдымда баратырған анам: «жаңағы адам бағанағы қаладағы көрген ҳаялдың ери, баланың әкеси деди». Мен де, солай шығар деп шамалап киятыр един. Изиме айланып қарасам, жаңағы адам ҳеш жерде көринбеди. Жылўанның бойындағы соқпақ пенен апамның изинен жүрип киятырған менде бул ўақлары әжеп тәўир ой пайда болып, биреў қулағымнан сыбырлап сораў сорап турғандай, мен оған жуўап излеп азапланыўда едим». Бағанағы қара бала үйиниң тәрепинде ойнап отырған ўақта ағасы ҳәзир есиктен кирип барса, қуўанып ағасына барарма екен я оннан қашарма екен? — деген ойларым менен бәнт едим,—жолымды апамның изи менен даўам етип жүрип киятырман.

## БАЛАЛЫҚ

Бул илгери жылларда болған еди. Февральдың иши: Узақ даўам еткен қақаман аяздан кейин күн ырабайына қайтқанына мине үш күн болды Күн ашық. Арқадан суўық самал еседи.

Бизиң үй, Жылўан жаптың жағасында, аўылдың арғы басында еди. Үйден сәл қашықлаўда Жлыўаннан сағa алған. «Ой салма» шығыстан батысқа қарай колхоздың пахта жерлерине дейин узыннан узақ созылып жатады. Оның бойы тутзарлық. Бизиң үй менен усы ой салманың еки арасында бир гектардай пахта атызлығы бар. Ондағы ғаўашалардың пақалы ерте бастан шабылып алынып, төгин жайылып болғаннан соң гүзги қызыл суў жиберилетуғын еди. Быйыл қыс қатты келгенликтен атыздағы суўлар көк көмбек цементтей болып қатты да қалды.. Бул бизлер ушын жүдә жақсы болды. Ҳәр күни оқыўдан келип, түс аўғаннан сол кәраға жыйналысамыз да, музда сырғанақ тебемиз, шырылдаўық ойнаймыз.

Мине бүгинде тап солай болды. Ҳәр ким қәлеген ойынлары менен машқул. Бирен—сараң балаларда конки де бар.

Ол ўақытлары бизиң аўылдан тек ғана баслаўыш мектеп ашылған еди. Әлле сонлықтан да, қәйтседе ҳәр



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

куни бул жерде жыйналатуғынлар бир сыбайлас балалар. Классларында өзгешелик болған менен бойлары тең деўге де болады. Ишимиздеги көзге түсетуғынымыз тек ғана Оралбай. Ол қаладағы мектепте аўылдан қатнап оқыйтуғын еди. Шамасы я алтыншы, я жетинши классларда. Өзи де узын. Оның қасында бизлер сол ўақытта қызығып оқыйтуғын Свифттиң «Гүллибердиң саяхатындағы» Гүллибер менен иргежейлилер сыяқлы едик.

Оралбайдың ҳәрекетине ҳәммемиз таң қаламыз. Шаққан. Көп ойынларды бизлерге үйреткен соның өзи. Аяғындағы қара хром етигине Коньки байлап алған. Конькиси басқа балалардағыдай әйтеўир қолдан исленген емес. Дүкандики. Мине ол ҳәзир муздың үстинде шырылдаўық айдап жүр. Шырылдаўығы да өзгеше.

Бир ўақытта ол қолындағы аламышланған таяғының ушындағы жиңке шырылдаўықты қайтадан орап алды да, музға қойып, пәт пенен тартып-тартып жиберди.

Шырылдаўық шыр гүбелек айланып, алдына түсип зырлаўы менен жөнелди. Бир еки бала изинен жуўырып еди.

Қаш: Жол бер—деп бақырып жиберди. Шынында да Оралбай коньки тебиўде адам сүйсинерликтей ҳәрекет ететуғын еди. Төмен қарап бүкшийип, қолларын сермеўи менен аяқларын екшеп-екшеп умтылғанда көп жерге барып қалады. Соннан бойын тиклеп бираз ўақытқа дейин теп-тегис муздың үстинде қолларын артына қайырып тып-тыныш сырғанап барады. Тезлик пәсейгеннен кейин тағы пәт алып, дүп-дүзиў баратырғанынан бирден қыйсайып бурылған да, сен енди жығылады деген ойға берилесең, буған өшегискендей, ол және бойын тиклеп, оқтай атлығыўы менен балалардың топарын қаға айырып өтеди.

Оның минези дым қызық. Тап қуйындай, Дем де өзгерип кетеди. Ҳәзир де ол тезлигин эсте пәсейтип, тусымызға келгенде тоқтады. Ҳәмме оны қоршадыда алды.

— Келиң деди ол қолындағы таяғын жоқары силтеп,

—Қәне, сизлердиң батырлығыңызды, шыдамлылығыңызды сынап көрейик. Ким етигин шешип, мына муздың үсти менен жалаң аяқ анаў атыздың шелине бара алады?

Әңгимениң ырабайын билдик те, ҳәр ким ҳәр жаққа тым-тырақай қаштық. Ол бизлерди бүйтеди деп ойламай қалған еди. Болмаса биреўимизди мәттал услапта алар еди. Гә жығылып, гә турып, зорға шелге келип жет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тикте, , артымызға бурылып қарадық. Оралбай еле баяғы турған жерде қолына таяғын услаўы менен қозғалмастан тур екен. Оннан тәўир ақ қашықта балдағына сүйенген Балташ деген бала тур.

Бул баланың өмири көп аўырманлықларға толы.. Еки жасар ўақытында ләң болып қалған. Енди ҳәзир еки аяғы жип-жиңишке. Тек таяққа сүйенип ғана жүре алады. Онда да аяқларын солтаң-солтаң еткизип, зорға сүйреп басады. Сонлықтан да балалар оның кеўлине тиймеўди ойлайтуғын еди. Өзи бирақ шебер уста. Қолындағы шанашасын соғып алғанда өзи.

— Оралбай азырақ турды да, таяғын муздың үстине ылақтырып таслап, Балташтың қасына келди. Ҳәмме не болар екен дегендей олардан көз айырмай тур. Балташ дәрриў Оралбайдың қыялын билип:

— Қойса, Оралбай,— деп жалынды. Бирақ, Оралбай оған барып асылмақшы болды. Буны сезген Балташ кейин шегинемен дегенде жалп етип қулап түсти. Усыннан пайдаланған Оралбай Балташ тикейемен дегенше шаққанлық етип аяғынан етиклерин шешип ала сала, өзи атыздың шелине қарай қашты. Қурғақлыққа шықты да силеси қатқанша күлип, мардыйып қарап турды.

— Балташ азырақтан соң таяғына сүйенип, орнынан қозғалды. Бизлер оны аядық. Әттең, қолдан келер шара жоқ. Оралбай күш жағынан кәлегенимизден де басым.

— Көзлеримиз Балташта. Ол өзи жүрип киятыр. Таяғының ушындағы шегелер музға шық-шық тийди. «Байғус ай,— деп бизлер жабырластық. Шамасы, жылап киятырған шығар...» Бирақ олай болмай шықты. Жақынлағанда ғана байқадық: ол әлле неге қуўанышлы, ара тура күлимсиреп қояды.

Шелге аяғы тийген ўақытта ҳәммемиз оған қарай туўырыстық.

— Тоңып қалған шығарсаң, шанаңа отыр, үйиңе апарып таслайық, дедик оған:

— Яқ,—деди ол кеўилли.—Қайтады деген не өзи? Шананы музға айда!

Бизлер және ойынды даўам еттик. Еки бала шананы сүйреди. Оған минген Балташ:

— Яша, Балташ!—деп үсти-үстине бақырады.

— Оның қуўанышлы даўысы атыз ишин жаңғыртып жиберди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта ғана бизлер Балташтың басқалардай Оралбайдан қаша алмай қалғанына ренжимегенин, қайта муздан жалаң аяқ жүрип өткенине қуўанып қиятырғанын байқадық. Аўа, ол ырасында да өзиниң қурғақта емес, ҳәтте музды бойлап қәдем урғанына шексиз мақтанып атырғандай еди.

## БИЗИҢ АЎЫЛДЫҢ БАЛАСЫ

Бизиң аўылда тап төбеден түскендей болып Василий деген жигит пайда болды. Өзи орта бойлыдан келген, нық денели, қызыл шырайлы жүзинде мүлтиксиз күлимлеп туратуғын қой көзинен зийрекликтиң ҳәм мийнәйимлиликтиң нышаны көринеди. Кийген кийимлери де жүдә әпиўайы, бирақ көзине қойғандай жарасады: аяғында көк брезент етик, қара шалбар, үстинде қызғылт түсли көйлек, кепкасын бирдейине қолына услап жүреди, сары жипектей шашы күн менен шағылысып турар еди.

Василий аўылға жаздың ақырында келди. Әдеп оның не жайлы келгенлигин ҳеш ким де билмеди. Аўылдың арқа тәрепинде Жылўан ҳәм Нәўпир деген еки жап бар еди. Жылўанның ултаны батыл болып пайдаланыўдан қалып, тек гөне аңғары ғана қалған. Нәўпир Кегейлиден саға алып, бизиң «Бахытлы» колхозының үсти менен «Совнарком» ҳәм К. Маркс атындағы колхоздың егис жерлерине қарап созылған. Жазда Кегейлиниң суўы тасқан ўақытлары Нәўпирге суў сыймай еки жағына жығып кетеди. . . Василий қала беттен гөне жылўанды жағалап сағасына дейин барады да, қайтарсын Нәўпирди жағалап қайтады. Бизлер гилең аўылдың жас балалары оның изинен көп жерге дейин ерип жүрмиз. Гөне жылўанның жағасында турып, ийнине асылған кишкене сумкасындағы қағазын алдына алып үңилип қарайды, тағы қолындағы уп-узын жуўан қара қәлеми менен оған туртеди.

Жылўанның ултанына түсип, қалтасынан алақандай темирди алып, зыр еткизип шубалтып жибереди, жаптың ултанына тап бийик рашына дейин өлшеп шығады. Сумқасындағы қағазға қәлеми менен тағы түртеди. Және жүриўин даўам етеди. Бираз жүрgеннен кейин раштың басындағы жасыл шөптиң үстинде отырып, кишкене чемоданның ишинен консерви қутысын алып, шаққысы менен ашып, ишиндеги гөшин жей баслайтуғын еди. Оннан бизге де мирәт етеди, бирақ алыўға батына алмас едик.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Аўқатын жеп болғаннан кейин чемоданнан қалың муқабалы томпақ китапты алып оқый баслайды. Ярым саатай оқып отырып, китаптың келген жерин белгилеп, қайтадан чемоданға салып, жаптың рашындағы соқпақ пенен кете береди. Бизлер үйлисип, жаптың рашындағы наў қарағай болып өскен қамыслар оны тасалағанша изинен қарап турып, кейин қайтатуғын едик. Василий бир күнлери бир жақларға кетип, көп ўақытқа дейин аўылда көринбеди.

— Гүздиң айы болсада күнниң ыссылығы бар. Усын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дай күни түсте қара үйдиң есигин түрип, үй-ишиниң адамлары болып чай ишип отыр едик. Аўылдың ортасы менен еки ешекли, бир пияда адам туўрылап бизиң үйге келю берди. Жақынлағаннан ақ бизлер оларды таныдық: биреўи аўылдағы Узақберген ата, екиншиси Әўез мурап қасындағы кәдимги Василий. Булар келиўи менен ешектен түсе берди. Апам дәрриў үйден жуўырып шығып, аман түўеллик сорасып, қонақларды үйге киргизди. Қайтадан чай ишиў басланды.

— Бизлер,—деди Узақберген ата, чай ишип отырған кесесин жерге қоя берип бизиң ағама қарап ҳәм түслик чай ишейик деп, ҳәм бир жумыс пенен келдик. Бизиң ағам айта бер дегендей болып, оның бетине қарады.

Пүткил 11;12 аўыл советлердиң қарамын суў менен тәмийин ететуғын таза арна қазылатуғын болыпты, мына бала анжирал (инженер) екен, — деди Василийди нусқап көрсетип. Таза арнаның қазылатуғын жерлерин алдын ала өлшеп пишип шықпақшы екен, оған анжиралдың қасына еки адам керек усайды, соған екеўимизди көрсетипти. Сонлықтан буларды сениң менен сөйлестирейин деп әкелип отырғаным.

Ағам бас ийзеп мақуллап отыр.

— Үндеместен чай ишип отырған Әўез мурап сөйлеп қоя берди.

— Колхоздың басқармасы менен бул туўралы келисилген. Қашан жумыс питкенше әнжирал менен бирге боласаң, болған күнлериңе колхоздың есабынан мийнет ҳақы төленеди,—деди.

— Жудә мақул,—деди ағам.

— Әўез мурап буны Василийге русшалап түсиндирип айтты. Василий мыйық тартады. Ол бир кеседен артық чай ишпеди. Далаға шығып келиниң үстинде отырып папирос шекти. Өзи менен ере шыққан бизиң Сәрсенбай ағам менен үйдегилер чай ишип болғанша сөйлесип отырды. Сәрсенбай ағам колхозда табельщик болып иследеседе рус тилин тәўир ақ биледи екен, байқамайды екенмен.

Бизиң үйдиң қақ маңлайында үлкен атызлық бар еди. Соған жылда атам қаўын егеди. Болық болады. Ерте писер қаўынлар таўсылып, гүзги қаўынлардың писип атырған ўақты еди. Сәрсенбай ағам қаўын атызға түсип, көп аралап жүрмей ақ үлкен бир гүлабыны әкелип, кесе қаўынды ықласланып жеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Чайды ишип болғаннан кейин ешекли, пияда болып, келген үшеўи ҳәм бизиң ағам болажақ қаналдың сағасы Кегейлиниң бойына кетти.

Сол күннен баслап ақ бизиң ағам бир ай бойы Василийдиң қасында хызмет етти. Аламышланған цифрли узын ағашты тутып турады. Василий үш аяқлы қуралына үңиледи. Рейкаға қарап еки аралықтың жоспарын алдындағы қағазға сызады. Узақберген болса, Василийдиң керекли ўәжлерин үлкен ақ ешегиниң алдында өңгерип алып жүреди де қоя ды. Үшеўи Кегейлиниң бойынан баслап тап «Бес қуйыға» дейинги аралықты бир айға шамалас ўақыттың ишинде өлшеп шықты.

Василий күнде кеште ағам менен үйге келетуғын болды. Ол бирдейине үйге келерде «Сәрсенбай барма?» деп келеди. Сәрсенбайдың кешки ойынына қызығып қарап турады.

Василий Сәрсенбай ағамнан 3 жас үлкен. Сәрсенбай ағам 18 де. Екиўи егиз баладай. Екеўиде үй жумысына көмеклесер еди.

— Усы еки шырағымнан рәҳәтти көрип отырман, үйдиң ишин тындырып таслады,—дей береди қоңсы-қобаларға апам.

— Сәрсенбай китап оқыўға жүдә қумар. Оқығаны сол китапларына еки чемодан толып тур. Василий оннан да бетер екен. Екеўиниң көбинесе дустөменине баўырын берип китап оқыйтуғынын көресең.

Василийлер каналдың жүретуғын жерлерин бир айға бармай ақ өлшеп болды. Изинше сол бойынша каналды қазыўға белдарлар шықты. Қазыўшылар изи үзилмей каналдың сағасына Кегейлиниң бойына қарай өтип турады.

Қазыўшылар каналдың сағасын Тубек аўылдың тусындағы Кегейлиниң қолтық таслап айланған жеринен Василийдиң белгилеўи бойынша алып, бери қарай қазып келе берди. Солай етип 3 күн дегенде бизиң аўылдың тусына жетти.

Бизлер, аўыл балалары қазылып киятырған каналдың бийик рашына шығып, қазыўшылардың ҳәрекетине қызықсынып қарап турамыз. Қазыўшылардың жарқ-журқ еткен полат беллери жер қыртысын айырып барады, еки жақтан үлкен еки раш өркешлениp созылып киятыр. Василийди мудамы қазыўшылардың арасында көремиз. Ол қазыўшылардың шаққан ҳәрекетине кеўили



www.ziyouz.com kutubxonasi

пития, шадлы пишимде адымын кеңнен атып, раштан бойлап жүрер еди, канaлдың қалай қазылып атырғанына дыққатлы нәзерин таслайды, Қазыўшылар еки күнниң жүзи толғанда бизиң аўылдың тусынан ары қарай өтип кетти.

Гүздиң соңғы айы, Ызғырған суўық жел бирли-ярым шақаларда илинип турған ағашлардың сарғайған жапырақларын жулып әкетип, жылан жалағандай етти. Күнниң рәмәўзинен ҳүреси ушып, келген жақларына асыға қайтқан қуслар менен бирге жаңа жылўанның қазыўын питкерген қазыўшыларда өз үйлерине қайтты. Көп ўақытқа дейин аўыл адамларының арасында жаңа Жылўанның қазыўы сөз болды. Әсиресе Василийдиң тапқырлығына ҳәмме ҳайран қалды. Ол «Совнарком» колхозының тусын бизиң аўылдың тусына қарағанда бир тебик төмен алдырыпты. Ал, Қ. Маркс атындағы колхоздың шегарасынан ары қарай өте бергенде тек еки жағынан қашы шаўып, жердиң ултанын қаздырмапты. Айырым аўылсовет председателлери бул қалай? деп шатақ шығарыпты. Василий булай етиўиниң себебин жер бетиниң тегислиги бирдей емеслигин, қаздырмай қашы шаўдырған жерлериниң қазып қиятырған жаптың ултанынан анағурлым төмен жатырғанлығын айтып дәлийлепти.

Василий Жылўанның қазыўы питкен соң районлық суў хожалығы бөлиминде инженер болып жүрсе де бизиң үйден қол үзбеди. Аўылға әбден үйренди. Ол бираз ўақыт келмей кетсе, тек бизиң үйдиң адамлары емес, ал аўыл адамларының ҳәммеси өгейсийтуғын еди.

Бәҳәр күнлериниң биринде бизиң аўылда үлкен той болды. Тойға Ещан бақсы келди. Тойхананың бақсы айттыратуғын жери Өтептиң үлкен сейисханасы. Сейисхана көп етип бийдай сабан төсетип, үстине кийизлер тасланды. Отырған қурдың ортасында 3 жерде лаўлап жаңып турған шам. Сейсхананың иши күндизгидей жапжақты. Төринде аўылдың жасы үлкенлери отыр. Оннан бери де басқа аўыллардан келген қонақлар. Олардың қарсысында қыз-келиншеклер. Аўылдың өңкей жас жигитлери пүтин бир қапталды алып отыр. Балларда бар. Мен аўыл жигитлери менен отырған Василий менен Сәрсенбай ағамның ортасында отырдым.

Қурдың төринде, ғаррылардан берирек, ортаға таман отырған бақсы ҳәр түрли намаға қашырып отыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бақсының қарсы алдында малдас қурынып отырған аўыл совет председатели Қанияздың дуғыжым жуўан турпаты Ещан бақсыны Көпшиликтен тасалайды. Бизлер бақсының намасын қуўалап, ҳеш ким менен сөйлеспей, төмен қарап бүгилип гиржегин тартып отырған ғарры гиржекшини ғана көрип отырмыз. Қанияз чай кесесин қоя берип, бар күши менен «берекет тап, ал иилдиң!» деп бақырады. Оның менен қапталласып алдындағы жайыўлы турған үлкен қызыл орамалға үңилип, бизиң колхоздың баслығы отыр.

Бақсы қызып, жигитлер нама алыўға қарады. Ҳәр ким қәлеген намаларын алып атыр. Нама алыўды қыздырыў ушын ортаға 4 жигит шығарылған. Бир ўақытлары Василий жигитлердиң биреўин шақырып «Егер ертең урыс бола қалса» деген қосықты айтып берсин деп өтинди. Ещан бақсы дуўтарын қушақлап орнынан ырғып турды. Жөтеле берип:—басқа қәлеген қосығынды... деп күлимсиреди.

Ещан бақсы басындағы қара көл терисинен тигилген малақайын қалың қасларына төгилдирип баса кийипти, арықлаўдан келген жуқа жүзинен аққан аппақ моншақтай терлер жийрен шоқ сақалына қарай жумалайды. Үстине қарай ший мақбалдан тигилген қайырма жаға узын бешпент кийген, жиңишке белин енли, қызыл әскерий қайыс пенен буўыпты, аяғында шылт жаңа шыйқылдаўық қара телетин етик. Жип-жиңишке узын саўсақлары сүйек саптырған ала мойнақ дуўтардың перделери үстинде ойнайды. Қурдың ортасына барып, азмаз тоқтап көкирегин керип «Жети асырымды» бир қайырғанда журт силтидей тынды. Бақсының қоңыраўдай сылдырлаған ҳаўазы бәҳәр ақшамындағы жыйналған адамлардың жүреклерин тербетип, тойханада үлкен йош көтериңкилик туўғызды. Бақсы таңның алдында дәстанға түсип, тойхана таң мейил бергенде дағыды.

Жаз. Июнь. Аўыл көк жапыраққа малынған. Аўылдың сыртындағы теп-тегис кең айдынларды пахталар қарылғаштай қатарласып, суў дарханлығынан ҳәз етип, күннен күнге мәўниж урып раўажланыўда.

Бизиң аўылда ерик бағлары көп еди: Генжениң бағы' Гурекениң бағы, Төрениң, Ералының бағы, Қайыпназар ағаның бағы, Алламжар аға ҳәм Нурым атаның бағы. Бул бағлардың сырыққан миййелери жаңа дүмбил. Қапырық ыссыны писент етпестен тез жүрип кеттик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биэлердиң күнделикли талабымыз қойыў бағ астында журип тислеримиз қамасқанша ерик жеў. Бүгин бир топар аўыл балалары болып, Алламжар ағаның бағына бардық. Жеген ериклеримиздиң шаңғалақларынан «жуппа-тақпа» ойнаймыз. Күн түсликке шамаласқанда үйлеримизге қайттық.

Жумыстан шаршап, ыссы сорып келген ағам менен апам, атам қара үйдиң арт жағын ашып жиберип, түски чайларын ишиўде. Тек Сәрсенбай менен Василий ғана еки кеседен ашшы айранды ишип алып, шертектиң астындағы ағаш кәттиң үстинде қәдимги пияда гүррингe киристи. Ара—тура алдындағы үлкен қара самарда үйиўли турған ериктиң қызарғанларын сайлап алып аўызларына салады. Үстиндеги майкилерин де шешип таслапты. Сыртынан қарағанда оларды бир биринен ажыратыў қыйын. Екеўи де палўан денели, тап екеўи бир бири менен жарысқа түсетуғын палўанлардай болып көринди. Әсиресе, олардың кескининдеги бир-бирине усаслықты көрип, ҳайран қаласаң. Сәрсенбай ағамның өзине жарасып турған қойыў қара шашы Василийге усаслығын әдеўир бузған менен оның буўдай рең жүзи, қаббағы мурны, жуқа ерни, қой көзи Василийге әлле қандай усас еди.

Қоңысымыздың баласы екеўмиз олардың қасына бардық. Екеўиниң сол күнги сөйлесиўиниң рәмәўзине қарағанда Василий Москваның қасындағы бир кишкене қаладан келген. Ата—анасы бар, екеўи де заводта рабочий. Василий өзи туўылған қаласындағы жети жыллық мектепти питкерген соң бир жылға шекем сол жерде мебель фабрикасында устаға жәрдемши болыпты, кейиннен журт көриў мақсетинде бери қарай жолға шыққан. Орта Азияның бир қаласындағы суў хожалығы техникумында оқып питкерген соң Қарақалпақстанға жибериледи. Әдеп Шымбайда 6 ай ислеген, соң бизиң районға өткен. Қәдимги Жылўан жаппрайондағы қолға алған ндиралды канал еди.

Түс аўғанда қапырық ыссы менен бирге аўыл ишине көзди ашып жумғанша суўық хабар келип тарады. Бизиң елимизге фашистлер урыс ашып, қарақшыларша басып кирипти... Бул адамның жанын түршиктиретуғын хабар Аршан аўылының барлық үйлерин тимискилеп ара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап шықты. Саратанның ыссысына шыдамай түски дем алысқа шыққан адамлар үйлеринен ҳаўлығысып далаға жуўырысып шықты. Олардың душпанға болған жек көриўшилик сезими, ыза кек жалыны күнниң аптабы менен қосылып, аўыл ишин азан—қазан етти. Бул ғаўасат бизиң Василийдиң де қолын истен суўытып, кеўлине қобалжыў салса керек. Ол қалтасынан папирос алып тутандырып шегип, аўыз мурнынан түтинин буўдақ-буўдақ шығарып, үйдиң алдында олай-былай гезип жүрди.

— Сәрсенбай. яқшы мен кетемен,—деди.

Василий аздан соң Сәрсенбайға жақын келип хәм қолындағы папиросын ылақтырып таслады.

— Қаяққа?

— Үйге, Москваға, енди бизди фронт күтеди,—достым.

Василий үй адамлары менен хошласып, чемоданын қолына алып жолға шыға берди. Бир заманда болған өзгериске самсаз болдық.

— Қарағым қай жерде жүрсең де саў болғайсаң!—деди мениң атам.

Василий атамның узын қолларын қос қоллап қысып қошласты.

Василий Сәрсенбай менен бирге жолга шықты. Оның чемоданы менен костюмын алып баратырган Сәрсенбайға атам:

— Сәрсенбай, сен қайда баратырсаң?—деп сүренледи.

Хә, яқшы Василийди шығарып саламан дегениң мақулғой.

Василий аўылдан көп ўақытта шығып болды.

Василий менен Сәрсенбай Жылўанды жағалап, район орайына қарай қапырық ыссыны писент етпестен тез жүрип кетти.

Василий сол кеткеннен қайтып бизиң аўылга айланбады. Кеште қайтып келгенинде Сәрсенбай ағамның айтыўына қарағанда сол барыўдан туўры военкоматқа барып, сораныл әскерликке алынып, иркилместен Нөкиске жүрип кетипти. Нөкистен пароходқа минип, фронтқа кететуғын болыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Василий кеткен соң көп иркилмей ақ бизиң аўылдың жигитлери де бириниң изинен бири фронтқа кете берди. Усы жигитлердиң ишинде бизиң Сәрсенбай ағам да урысқа атланды.

## ГҮЗДЕГИ СУЎЫҚ САМАЛЛАР

Жаңа жылдың екинши күни. Күн ашық Шымыры аяз. Автостанцияда машина күтип турғанымызға тәўир ақ ўақыт болды. Қасымда Бийсен аға бар. Оның ири, дәпең турпаты басқалардан бөлек көзге түседи.

Бизлерден үш-төрт қәдем қашықлықта турған орта жасқа барып қалған ҳаял Бийсенге көз алмастан қарайды. Ҳаялдың үстинде қара ғыжым мақпалдан тигилген қалың пальто, басына қара гүлли орайпек тартқан, қолында иши қампайған корзинка. Узын бойлы, толықтан келген жаңағы ҳаялдың бийдай рең, қара торыға кейип берген жүзине әжим ене баслапты. Бийсенге аңсары аўып үңиледи. Менде ол ҳаялды бир жерде көргендеймен, бирақ қанша оған тигилип қараған менен қайда көргеним ядыма түсе қоймады. Ҳаялдың қасындағы он алты-он жетиге келип қалған, қызыл пальтолы қыздың аўзынан түскендей усап қалыўы, оның қызы екенин айтпай ақ аңлатар еди. Қыздың бийдай рең, сулыўшық жүзиндеги бетиниң алмасы күниң суўықлығынан ба, я көпшиликтиң суқлана қараған нәзеринен бе, қып-қызыл болып дөнип тур. Бирақ қыздың дыққаты айналадағы ҳәрекеттен аўлақ еди, қыяқтай қара қасын қақпастан, тынық қара көзин сүзип батыс тәрепке қарайды, гейде узын кирпиклерин билинер билинбес етип айқастырып жибереди.

Жаңағы ҳаялдың тигилип қарап турғанынан Бийсен аға хабарсыз еди. Буны Бийсен ағаға мениң билдириўимде оңатайсыз. Тилекке бола Бийсен ағаның оған көзи түсти. Бир қараўдан ақ таныса керек, аўдаңлап барып, оған қолын созып:«қәне көрисейик»деди. Ҳаял жалма-жан қолындағы корзинкасын жерге қойып, еки қоллап Бийсен ағаның қолынан алды. Бийсен аға ҳаялдың бетине аз-маз тигилип қарап турды да:

— Сен Палбийби емессең бе?— деди.

— Тап өзи,—деди ҳаял, сәл мыйық тартып.

Ҳаял әбден Бийсен ағаның бетине тигилип қата қал-



www.ziyouz.com kutubxonasi



ды. Бийсен аға ҳаялдың танымай турғанлығын аңғарып:

— Танымай қалдың ба, мен Бийсенмен ғой,—деди.

— Ҳаў, қарағым Бийсен, саў жүрсең бе, аўыл ел аманшылық па? көп ўақытлар өткен екен ғой, қартайғанымыз екен ғой, сен ол ўақытлары ойнап жүрген бала един,—деди өзиниң ҳа дегеннен танымағанлығын жуўып шайып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ал қаяқтасаң, аўҳалларың қалай,—деп сорады Бийсен аға оннан.

— Шүкирмиз, совхоздамыз. Ғаррымыз бар, мынаў қызымыз, быйыл оныншы класс,—деди қасындағы турған қызына көз қыйығын таслап,—Гөне қаладағы ағайинлердиң үйине қыдырып келип едик, бүгинде жибермей жақ еди, қызым ертеңги оқыўына асықты. . . Ал аўыллар қалай, Үсен аға барма, тәндарма?

— Ғаррыны қашан жөнелттик ғой, Аўыллар мәс. Қыдырып бармайсаң ба?

— Бир дуз тартпай жүр, барайын деймен, неде болса қызымыз оқыўын питкерген соң жазда барамыз. Сөйтип Үсен аға қайтыс болған екен ғой, пай жақсы адам еди аў. Аўылды мәс дейсең бе, бир аңсайман, бала, өзимниң қыз болған жерлеримди. . . Аўылда не бир ғошшақлар бар еди аў. . . Ҳаялдың соңғы сөзди айтқанда түри бир түрли қубылып кетти.

Жаңа басланып киятырған жол үстиндеги әңгиме Хожелиге қатнап турған автобустың келиўи менен кесилди. Палбийби бизлер менен хошласты да, қызы екеўи автобустың ишине кирди. Бул ўақытлары бизлер минетуғын автобуста қасымызға келип тоқтаған еди. Бийсен аға екеўмиз Автобустың былқылдақ орынларына қатарласып отырдық. Пассажирлер толы болған соң автобуслар көп иркилмей турған орнынан қозғалды.

Палбийкениң қыз болған ўақытларын ой елегинен өткизе басладым. Жаңа ғана көрген кәйўаны ҳаял Палбийби кем-кемнен он жети-он сегиз жасар қыз сүлдерине айналып, мениң көз алдыма «Бахытлы» колхозының бир ўақлардағы ударник қызы Палбийби елеслей баслады.

* * *

Базарға келгенимизге бираз ўақыт болды. Күн ашық шуўақ болсада ҳүўлеп жағымсыз самал еседи. Гүздиң қысқа куни түсликтен аўып баратыр. Мен еле базар жайдың кирер аўзында, Үсен ағаның тур деген жеринде жылжымастан турман. Ол Дәне кемпирдиң шарбағына ат байлаўға кеткен еди. Иркилди. Жүристурысы шалт, бирақ маған белгисиз себеплер менен иркилип атырған. Үсен ағаны күтиўим мени зериктир-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди. Ийнинде арқалаған жүклери бар адамлар базар жайдың дәрўазасыз кең аўзынан ишке қарап асығыслық пенен кирип атыр. Базар жайдың аўзының оң тәрепинде дийўалға тақалып отырған гүңелек етик майшыны қаланың балалары орап алыпты. Оның шала өскен қалың ақ шашы күнниң қуяшы менен жалтырап тур. Мениң нәзерим адамлардың арасында киятырған қолында көк чемоданы бар әскерий жигитке түсти. Шамасы фронттан усы киятырған бойы болыўы керек, балалар қоршап алған. Ҳәмме оған қарайды. Гейбиреўлер тоқтатып, оннан бир нәрселерди сорайды. Әскерий кийимлери өзине қуйып қойғандай жарасып тур, ийниндеги пагонларында киши сержантлық белгиси бар оң қолын ақ сийле менен мойнынан асып алып таңып таслаған, узын бойлыдан келген қайың жигит базар жайдың ишкерисине қарай мениң тусымнан өтип кетти.

Менде базар жайдың ишине киргим келеди. бирақ Үсен аға мени таба алмай жүрер деп жипсиз байланып турман. Сөйтип, мен жән-жаққа қарап алақлап турғанымда анадағй жерде киятырған Жумабай ағама көзим түсти. Бирден менде үлкен қуўаныш пайда болды. Көрийден оған қарап жуўырдым. Оны көп ўақыттан бери көрмей жүдә сағынып қалған екенмен. Шын ықласым менен оның келбетине көз тигип қарайман. Ақ қуба сарыға кейип берген гиршиксиз таза жүзинде шаршаған лықтың белгиси көринеди. Бирақ кеўли көтериңки. Үстинде жеңил қара пальто, аяғында қара етик, басындағы сур түсли кепкасы қойыў буйра шашын жасырып тур. Жумабай ағам бул ўақытлары районлық партия комитетинде ислейтуғын еди. Оң қолындағы үлкен қызыл папкасын шеп қолына алмастырып, оң қолын пальтосының қойын қалтасына суғып, ишинен алған үш мүйешли хатты маған усынды.

— Сәрсенбайдың хаты, үйдиң ишине оқып берерсең. Мен бул сапары да үйге бара алмайман, қалаға түнде келген едим. Азаннан бери жыйналыста отырдық. Пахта жыйын-терими таўсылғанша бара алмаспан. Атым Тәжен ағаңикинде, сол жерден ҳәзир колхозға жүрип кетемен,—деп базарға да қайрылмастан, асығыслық пенен базар жайдың дийўалын жағалап жүрип көзден таса болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен Жумабай ағам кетиўден ақ Сәрсенбай ағаның қай жерде жүргенлигин билиў ушын дәрриў конверттеги адреске үңилдим. Хат дала почтасынан жазылған екен. Конвертти ашып, қәлем менен жазылғанына сөзлерди оқыдым:

«...Ҳәммеңизге меннен сәлем. Апа, ўақыт аз қалды, сабыр ете тур. Урыс онша қорқынышлы емес. Бир түсип шыққаннан кейин ақ үйренип кеттим. Көп ўақыттан бери хат бармағанына меннен тынышсызланған шығарсыз. Ўақыт болмады. Духовщина деген қаланы фашистлерден азат еткенимиз ушын бир сутка дем алыс берген еди. Усы хатты дем алыста отырып, саўашқа түсиў алдында жазып отырман. Ендиги хатты усы саўаштан соң жазарман.

Хош болың Сәрсен. 17-сентябрь 1943.»

Хаттың жигирма күннен өтиңкиреп жеткенине қарағанда Сәрсенбай ағамның саўашта жүрген жери оғыры узақ, екен деп ойладым. Хатты оқып болып, басымды тиклей бергенимде Үсен аға қарсы алдыма келип турған екен.

— Жуманазарды излеп Военкомат бетке барып иркилиңкиреп қалдым. Бирге жатырған жолдаслары базарға шығып кетти дейди. Неде болса иштен табармыз,—деп базар жайдың ишине қарай жүрди. Мен де изинен ердим. Базар жайдың аўзынан ары өтип ишке кире берген жерде Жуманазар алдымыздан шықты. Қол алысып сәлемлескеннен кейин бир шетке шығып, төмен отырып, Үсен аға менен Жуманазар аға жайжағдай сөйлесе баслады.

— Ертең азанда жүрип кетемиз, районнан кететуғын барлық жигитлер жәм болды. Аўылдан адам көрермен деп сорап базарға шыққаным еди,—деди Жуманазар аға оң қолы менен сары сийрек муртын сыйпап.

— Үсти басың қалай?—деди Үсен аға оның тула бойына көз жуўыртып.

— Көрип турғандай,—деди ол. Жуманазар ағаның үстинде пахта салып сырыған сары тужурка, қара товардан тигилген шалбар, аяғында рабочий ботинка, басында өсик қара териден тигилген малақай. Қолтығына қысып жүрген қара пальтосы бар.

— Үстиң ғой онша жуқа емес екен дә, дизкийимиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

насаз екен, баратуғын жағыңыз жүдә суўық қусайды, —деп Үсен аға отырған орнынан ырғып турып, кийип жүрген қалың пахталы шалбарын путынан шешипберди. Үсен ағаның басқа дизкийими бары-жоғын аяғына шубатылған үстиндеги узын шапанынан билип болмас еди. Жуманазар аға:

— Қой өзиң жалаң пут қаламысаң, жолдан ақ табарман,—деп алмайжақ болып еди. Үсен аға зорлағандай қылып алғызды ҳәм Жуманазар аға шалбарды сол жерде кийип алды. Екеўи отырған орнынан турып базарды аралаўға шықты. Мен де изллерине ерңў менен болдым.

Қәдимги Кегейлиниң базары. Базаршылардың көпшилиги ҳаял, бала-шаға, кемпир-ғарры.

Базардың ортасындағы бийикликте турып Ещан жаршының:

«Екинши аўылдағы»«Ағартыў» колхозынан Бекниязов Ниязымбет армиядан келипти, соның әмейгеринен базарға келген ким бар—р—р» деп қыйғырган даўысы базардың ишин жаңғыртып жиберди. Ҳәмме журт ышқырған жаққа жалт қарасты. Ещанның үстинде узын солдат шинели бар, басы жалаң бас, қолындағы үлкен қурашын жән-жаққа былғап бақырып тур. Жанында бағанағы армиядан қайтқан жигит тур. Ещан жаршы екинши рет қайталап атырғанда орта бойлыдан келген, үстинде келте пальтосы бар, қызыл орайпекли жас келиншек жигиттиң туў сыртынан келип, шеп қолынан тартты, жигит артына айлана берип, шеп қолын барынша жазып, келиншегин баўырына басып, көп ўақ қушақлап сүйип турды. Буны көрген адамлар бақырып турған Ещанға:

— Қояғой, келди, деп бақырысты. Ещан мойнын бурып қарап, қасындағы турған келиншек пенен жигитке көзи түсиўден бақырыўын пышақ кескендей қойып, шадлы түрде күлип, қолындағы қурашын шыр гүбелек айналдырып турды да, көзине төгилдирип басып кийип алды. Келиншек қысынып қалса керек, жигиттиң қушағынан жаздырылған соң орамалын бетине төмен түсирип бир ушы менен көзинен аққан жасларын сүртип турды. Келиншек қолын дәрриў кисесине тығып, ишинен алған ақшасын қысымлап:

— Мә қайнаға,—деп Ещанға усынды. Ещан:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қой қарағым, тийисли ҳақымды бада молдан берди,—деп алмай жақ болып еди, тағы да изин лаққышылыққа салды:

— Келинниң бергенлерин алайық та,—деп ири даўыс пенен ўаҳаҳалап күлип базарды басына көтерди. Бизлердиң қасымызда турған басына үлкен қара шөгирме кийген узын бойлы ғарры:«Ещан зор, Кегейлиниң арқасы ғой» деп өз-өзинен сөйленип күлди, күлген сайын басындағы шөгирмеси селк-селк етип турды.

Келиншек жерде турған күйеўиниң чемоданын көтерип, базар жайдың аўзына қарай жүрди. Жигит келиншегине қапталласып, базардан сыртқа шыққанша асығып баратыр. Жыйналған аламан олардың изинен қарап турды. Демниң арасында базардың ортасына топланып қалған адамлар фронттан қайтқан жигити менен келиншеги кеткен соң жән жаққа тарқаса баслады.

Бизлер ғәлле базарын айланып, узын шертектиң астында қатара қаўын сатып отырғанларға келдик. Үсен аға үлкен бир ғарбызды әкелди. Жарып үшеўимиз ортаға алып жей басладық. Бизлер ғарбыз жеп отырған шертекке топарласып үш-төрт поляк келди. Мен суўықлықтан тисинди шағып жиберетуғын, бирақ мазалы ғарбызды жеп отырып, оларға алақлап қараў менен болдым.

Ҳәммесиниң үстинде тозығы жеткен Польшаның миллий әскерий кийимлери. Ишиндеги узын бойлы, ербейген биреў қаўын сатып отырған ҳаялдың қарсы алдына жақынлап келип, сәл еңкейиңкиреп шеп қолы менен үлкен бирақ қәсеки болып қалған шырайсызлаў бир қаўынды услап, оң қолының узын бармақларын жазып, алақанындағы тийынларды ҳаялға қарап усынды. Ҳаял оның кең алақанындағы тыйынларға үңилип қарап:

— Бес сомнан кемге бермеймен, сениң қолыңдағы тыйынларың төрт сомға жетер жетпес,—деди танаўын тартып. Узынның қасындағы жолдаслары ҳаялға қызығыўшылық пенен ҳайран қалған пишинде қарап турды. Ҳаялдың оң жақ қапталында қаўын сатып отырған дуғыжым, узын сақаллы, адырақ көз ғарры оған қарап:

— Келин берегой, бул отырысыңнан кешке дейин сатып бола алмайсаң,—деп ҳаялға жекиринип, поляк-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларға басын ийзеп, ала ғой,—дегендей ишарат билдирди. Жаңағы қаўынды услап турған поляк ғаррыға мыйық тартып, күле шырай менен бир қарады да, қаўынды алыў менен болды. Ҳаял илажсыздан көнип, қос уўысын полякқа жайды, ол сыңғыр еттирип, ҳаялдың қолына тыйынларды таслады.

Ғарбызды жеп болып журдик. Базардың қубла шетиндеги пәскелтек жайдағы қассаптың шәңгекте илиўли турған гөшинен Үсен аға өзине бир кило маған бир кило сатып алған соң, дуўры базардан сыртқа шықтық. Азырақ жүрген соң почта жайының алдына келип тоқтадық. Үсен аға Жуманазарға оның ғаррысы Бердай ата берип жиберген узын шүберек қалтаға буўылдықбуўылдық болып салынған сөк, ийжан, жийде тақайды берип болған соң бетине тигилип қарап:

— Ал иним аман барып саў қайтқайсаң,—деп ол қолын созды. Үсен ағаның созған узын жиңишке саўсақларын Жуманазар аға үлкен пәнжеси менен қамтылап услап, бир заман қысып турды да:

— Жақсы аға, аўыл-елде аман есен көрискеймиз,—деди де қолын жаздырып бетин маған бурды:

— Хош қарағым жақсы оқый бер, быйыл сен екинши класстасаң ба?—деди.

— Жоқ мен үшиншидемен,—дедим.

Жуманазар аға дәрриў артына бурылды да, адымларын кеңнен таслап, сол заматта ақ топарласып кетип баратырған адамлардың арасына кирип, көзден ғайып болды. Оның артынан қарап турған Үсен аға кеўилсизлеў:

— Енди қайтайық, мен атты әкелейин,—деди де шарбаққа қарай бағыт алды. Үсен аға бул сапары көп иркилмей ала бийени минип келип, ойлаў жерге кесе тартты. Оң аяғымды зәңгиге салып, бир қолымнан услап тартқан соң, қарғып Үсен ағаның артына мингесип алдым. Изинде ойнақлап киятырған ала шубар қулыны қапталласа берип анасының желиннне қарап умтылды. Анасы қулағын жымыйтады. Қулын тағы кейиннлеп қалып, жүриўге ерингендей көп жерге дейин аяғын адымлап басып, бирден шапқылаўы менен келе сала анасының емшегине тумсығын тықты. Дым үндеместен аттың жылаўын қағып айдап киятырған Үсен аға:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Ҳай, заңғар сениң, күни менен емгениң аз ба еди» —деп, қолындағы узын қамшысы менен қулынның сауырысына әстен шырп еттирип тартып жиберип еди, қулын бийениң алдына түсип, мойынын сәл бир қапталға қыйсайтып, қуйрығын сабалап үлкен гүзар жол менен ауылға қарай шапқылау менен болды. Қулыны алдына түскен соң, ала бийе жорға жүрис пенен өндирип жүрип отырды. Үсен аға ҳәр уақлары «шуу» деп қойды. Бийениң жүриси жайлы, ийниц қыймылдамайды. Бирақ мен қалтырап тоңып баратырман. Маған бул қалтыратпа бағана базарда ғарбыз жеген соң пайда болды. Әсиресе, аттың үстинде қойын қонышымнан самал ҳүүлеп, гүздиң кешки сууық самаллары денемди түршиктирип баратыр.

Үсен ағаның әллен уақыттан соң:

— Ауа да Жуманазардың да кеткени,—деп әстен өз-өзинен сөйлегенде Жуманазар аға көз алдымда елеслей баслады.

Жуманазар аға ауылдағы жекке жигит еди. Әкеси Бердан ата жүдә қартайған адам. Сонда да адамның мәрти екен, жалғыз баласы армияға кетип баратырғанда басқа ғаррылардай ҳеш қамыққан жоқ, ақ пәтиясын берип, ҳақ жол тилеп қала берди. Кемпири бир-еки жыллықта қайтыс болып, ғарры, «жетим» қалған еди. Үйи Жылуанның ғырра жағасындағы нәруан ақ талдың астындағы үлкен жай еди. Ғарры бир өзи бир жайда ғаңғыр-гүңгирсиз қалды да қойды. Нәлетий урыс!

Бағанағы, азанда бизлер базарға баратырып ғаррыға қайырылып өткенде Бердан ата «мынаны бизиң балаға берерсиз» деп үлкен шекийне қалтаны ердиң басына илдирген еди. Ғарры қоңсы келинлерине айтып, баласы ушын сөк салдырыпты, ийжан, жийде тақан түйдирген екен.

Жуманазар аға жасы отызды қуусырып барса да, еле үйленбеген, бир үйде әкеси екеуи. Бир биймәлел, мийнет сүйгиш жигит болды. Жумысты ҳеш уақ таңламас. Қайсы жумыс тапсырылса да тақ турады. Арбада айдайды Колхоздың айдын-айдын пахта атызларында Жуманазар ағаның қос өгиз қосқан гүндесиниң пазнасы тиймеген жер жоқ шығар, сирә. Пахта егиси басла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ныўдан ат жеккен сеялка менен оның шигит сеўип жүргенин көресең.

Пахта терими басланыўдан белине фартугин байлап, билегин сыбанып пахта атызына түсе беретуғын еди. Мен мен деген қыз-келиншеклерди пахта териўде жары жолда қалдырады. Тек Палбийден ғана оза алмады, екеўи шарма-шар болды да жүрди. Пахта териминде қыздан Палбийби, жигиттен бул талай мәртебе байрақланды. Бир күни түсте районнан келген ўәкил менен колхоздың баслығы бригаданың барлық теримшилерин жыйнап Палбийбини «узын шашақ» орамалы менен Жуманазарды патефон менен сыйлықлағанда ҳәмменин таңлайы тақылдап, аўзының суўы қурыды. Усыннан кейин ақ колхозда ударниклердиң саны көбейди, бирақ ҳеш қайсысыда екеўиниң изине жете алмады. Палбийбиниң үйи бизиң аўылға басқа аўылдан көшип келген еди. Бой-сыны келген қыз болып жетилди. Әсиресе,өзиниң мийнет сүйгишлиги менен «Бахытлының ударница қызы» болып, районға даңқы жайылды. Айттырыўшыларда көбейди. Бирақ қыз ҳеш қайсысын жуўытпады. Себеби Палбийби Жуманазарды унатқан еди. Жуманазар қызға үйленетуғын болды. Бирақ ойда жоқ жерде гүрп ете қалған урыс олардың шырышын бузды. Олардың белгиленген тойы кейинге созыла берди. Ғаррысы «көзим жумылмастан бурын сениң жуп болғаныңды көрип кетейин деп бир еки жола айтқышлаған екен. Жуманазар: ҳәзир той беретуғын ўақыт емес» депти. Себеби, Жуманазар өзиниң бүгин, ертең урысқа кететуғынына көзи жеткен, соңлықтан Палбийбини келиншек етип, үйинде дилгир етип таслап кеткеннен өзиниң үйинде қыз болып отыра берсин деп ойлағаны екен. Баласының усы ойын түсинген ғарры келин жөнинде қайтып «иллә» деп аўзын ашпады.

Жуманазар менен Палбийбиниң арасынан қыл өтпесе де олардың бийсәўбет сөйлесип турғанлығын, я орынсыз бирге турғанын аўыл адамлары сезген жоқ. Бир қанша басқа жигитлерге қусап Жуманазардың биймезгил қыздың үйин айланып жүргенлигин де көрдим, билдим деген адам болған жоқ.

Бирақ бизлер, аўыл балалары ғана олар екеўиниң сөйлесип турғанлығын бир рет көрип қалдық. Ол былай болған еди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жуманазар аға армияға шақырылмастан бурын бес-алты бала болып арқаламай отынға барған едик. Аўылдың шетиндеги Алламжар ағаның ерик бағының қубласындағы жаптың бийик ырашының баўырындағы узын боянлардан өткир орақларымыз бенен орып, бир арқа отынды демде питкерип таслады. Орылған боянлардың дәстесин жыйнап жүрип еки адамның сөйлескен сөзлерин қулағымыз шалып қалды. Бул күн батыўға мейил берген ўақыт еди. Гүздиң кешки салқын самалы бизлердиң қулағымызға сыңсып сөйлеген қыздың мына сөзлерин ап-анық жеткизип турды:

— Жуманазар, ырасы менен ақ сеннен айырылатуғын болдым ба? Бунның изинен ири еркек даўысы еситилди.

— Мениң әрманым, ол не дегениң, мен сеннен айрылыўға баратырғаным жоқ, қайта жаўды жеңип келип, мәңги турмыс қурыў ушын баратырман.

Бизлер жаптың ырашына шығып қарап едик, жапырақлары сарғайып, самалдың күшли тербелиўинен ушып, астына түсип атырған ерик ағашына тақалып Палбийби менен сөйлесип турған Жуманазар ағаға көзимиз түсти.

Жуманазар жуқа бешпент кийген қыздың аш белинен узын қоллары менен қушақлап алыпты. Палбийби жигиттиң баўырына тығылып бир қолын оның оң ийнине қойып ҳәм анда-санда жоқарыдан ушып түскен сарғайған ерик жапырақларын Жуманазар ағаның үстинен қағып алып таслайды. Гүздиң кешки суўық самаллары тоңдырғанлықтан ба, я айралықтың дәртинен бе қыздың даўысы қалтырап жүдә аянышлы еситиледи. Бир ўақлары Жуманазар аға ынтығып турған қыздың дирилдеген жуп-жуқа қаймақтай ернине аўзын басып, шорп еттирип сүйип алды, бизлер буннан ары қараўға батылымыз бармады, отынларымызды буўып арқалаўымыз бенен аўылға қарай кеттик.

Усы ойлардың қушағында мениң тоңғаным да есимнен шығыпты. Аўылға келгенимди де билмей қалыппан. Аўылдың берги шетиндеги Қайыпназар ағаның үйиниң қасынан өте бергенимизде оның сары қаншығы шабалана умтылды, бирақ үйдиң алдында жүрген ғарры кемпирдиң: «зәҳәрә үниң өшкир, өзимиздиң» жарғақ баланы» (Үсен ағаны усылай атайды) билмей



www.ziyouz.com kutubxonasi

не қудай урды?»—деген ашшы даўысын еситип, қуйрығын қыйпаңлатып изине қайтты.

Бул ўақлары күн төмен арқайын еңкейип қып-қызыл болып бираз турды да, тағы Алланазар ағаның қалың ерик бағының ишине кирип жоқ болды.

...Жуманазар аға сол кеткеннен көп кешикпей ақ ғажжа-ғаж саўашқа түсипти. Хабар келип турды. Бир күнлери аўылға Жуманазар аға хызмет еткен бөлимниң командиринен хат келди. Ўатан жаўлары менен болған саўашта көрсеткен ерлиги ушын «Даңқ» ордени менен наградланғанлығын айтыпты ҳәм Бердан ғаррыға усындай мәрт улды өсиргени ушын барлық бөлим жаўынгерлери атынан шын кеўилден миннетдарлық билдирипти. Хаттың соңғы сөзлерин барлық аўыл адамларын даңқлы аўылласымыздың мақтанарлы ислери менен қутлықлаў менен питеди.

Көп узамай аўылға екинши хат келди. Хатты тағы сол командир жазыпты, бирақ соңғы хат аўылға үлкен қайғы әкелди. Қызыл әскер Жуманазар Берданов ўатан азатлығы ушын болған саўашларда қурбан болыпты...

Бердан ата усы суўық хабарды еситкен соң санаўлы он күннен соң қайтыс болды. Ғаррры аўырған жоқ. Қоңсысы Жақсыбийке кемпир түс аўып, песин мәҳәлинде ғаррының үйине барса, өлип атырғанының үстинен шығып, бай—байды сала берипти. Аўылдың ҳәмме адамы еситип жуўырысып барды.

Ғарры жайдың төринде үлкен ақ кийиздиң үстинде жатыр екен. Үстинде қат-қат шапан, белин узын белбеў менен буўыпты. Басы бийик көпшигинен сәл қыйсайып, төмен түсиңкиреп атыр, басында жатақ малақай, сары қозының терисинен тигилген шөгирмесин басының ушына шалқ ортасына қаратып қойыпты. Узынша созылған аяғында шылт жаңа қара мәси, телетиннен тигилген қызыл түсли геўиш есик бетте турыпты. Ғарры шеп қолын көкирегиниң үстине таман қойып жуўан тут ағашынан исленген узын ҳасасын оң қолына қатты қысып услап атыр екен.

Барлық аўыл халқы ғаррыны үлкен ҳүрмет, иззет пенен шығарды. Палбийби Бердан атаның кишкене қызындай болып хызмет иследи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

.. Ғаррының намазынан кейин ақ Палбийбиның үйи дәрьяның аржағына көшип кетти. Соннан қайтып Палбийбини көрдим, билдим деген адам болмады.

Палбийби менен бүгинги ушырасыўым маған үлкен тәсир өтти.Кегейлиге келип автобустан түстик, көшеде адамлар лыққа толы. Ҳәммесиниң жүзинде тасқын табысларға апаратуғын жаңа жылдың дәслепки күнлериниң қуўанышлы нышаны сезилди.

## ПИЛ ҲӘМ АРЫСЛАН

### (Ертек)

Қалың тоғай. Тоғайда жуўан ҳәм узын ағашлар сығасып тур. Ағашлардың жуўанлығы сонша, бес-алты адам қулашын жайып қол усласып турганда ғана оның турпатын орап алып, бир-бири менен зордан қол усласыўы мүмкин. Көк жасыл қағазлардан тап қайшы





www.ziyouz.com kutubxonasi

менен қыйып ислегендей ағашлардың узын ҳәм енли жапырақлары төмен қарап салбырап тур. Ағашлардың шақаларын жыланларға усайтуғын узын шырмаўықлар орап алып, арасынан узынлығы бир метрге шамалас ништердей өткир тикенлер жан-жаққа ҳәррийип тур.

Усындай пышық мурыны батпайтуғын дут тоғайлар онлаған километрге созылып, оннан кейин сийрек тоғайлар басланады. Узақта сағымланып турған бийик таў баўырларына дейин созылып атырған тегис далалық мақпалдай майса шөплерге малынған. Жер, көк, жасыл, ҳаўайы, қызыл ҳәр түрли түсли бояўларға боялғандай. Егер бул жердеги өсимликлерди ериңбей санай бергенде түриниң саны төрт мыңнан асып кетер еди.

Күн оғыры ыссы. Гейде ҳаўаның ыссылығынан өсип турған өсимликлердиң жапырақлары күнге қуўрап қалатуғын ўақытлары да болады, бирақ бир неше күнге дейин үзиликсиз жаўған жаўынлар ҳаўаны салқын тарттырып, ыссы аптаптан қуўраған өсимликлерге жан ендирип, бурынғы қәддине келтиреди.

Бийик таўдың басындағы булақтан фонтандай атлығып шыққан суўлар таў жоталарының арасы менен төмен қарай сарқырап ағып, пәтли ағыс пенен еки жағын жалмап жеп, өз кенарын кем-кемнен кеңейтип, бара-бара үлкен дәрья болып, суўы атаўдың жан-жағынан орап алған ушы қыйыры жоқ, океанларға қуйып тур. Дарьяның ени онша кең болмаса да түби жүдә терең ағысы наятый күшли. Дәрьяның суўы көк реңде, тынық суўдағы жүзип жүрген балықлар алтындай жарқырап анық көринип турады.

— Бул қай жер?

— Бул жер шарының картасында ҳаў деп белгиленетуғын атаў. Ҳаў атаў жер көлеминиң майданы бир неше жүз квадрат километрге шамалас ҳәр түрли жабайы ҳайўанлар, қуслар, жыланлар, қурт-қумырсқалар мәканлайды. Атаўда арыслан, жолбарыс, леопард, қасқыр қусаған жыртқыш аңлар көп. Көп санлы пиллердиң падасы қалың тоғайларды жапырып, олардың қыйғырған даўыслары пүткил атаўды жаңғыртып жибереди. Цепе деп аталған пешшелердиң күни-түни



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыңбастан ызылдысы тап үлкен симфониялық оркестрдиң бәлент ҳаўазлы намасына мегзес еди. Күнлердиң биринде бул әжайып атаўға апатшылық келди.

Бийик таўдың шыңындағы вулкан атлығып, әтирапқа отлы тасларды ылақтыра баслады, пышық мурны батпайтуғын жүнли тоғайы лаўлап жанды. Дәрьядағы суўлар пақырлап қайнады, онлаған күнге созылған тәбийғый апатшылық нәтийжесинде атаўдағы көп санлы мақлуқлар қырылып, олардың күллери де қалмады.

Бирақ тәбият барлық қәҳәрин тигип, қорқынышлы ўайраншылық салған менен атаўдағы пүткил тиришиликти жоқ қылып жибере алмады. Атаўлықтың шет-шебирлеринде, океан жағаларында апатшылықтан зиянланбаған, зиянланса да толық зиянланбаған жерлер бар еди. Апатшылықтан тири қалған бирли-ярым мақлуқлардың барлығы ақсақ—майыплары сол жерлерге қоныс басты.

Бирақ тири қалғанлардың да аўҳалы жақсы емес еди. Себеби тар көлемдеги от зонасы от-шөп жейтуғын ҳайўанларға азлық етти, ҳә демей-ақ жылан жалағандай тап-тақыр жер болды. Ҳайўанлар ашлықтан қырыла баслады. Пиллердиң ҳәммеси дерлик өлип болды. Тек изине ерген кишкене баласы бар үлкен ана пил жасайды.

Пил жүдә үлкен. Бойының бийиклиги еки этажлы жайға барабар. Түри гүңгирт қоңыр, териси ашық далада көп жатып, күнге ағара баслаған қалың қара резинаға уқсас. Пилдиң баласы еркек еди, бирақ түритүси, минез қулқы жағынан анасынан айнымаған. Жыртқыш аңлар өлимтиклерди жеп күнелтти. Өлимтиклер таўсылған соң бири-бири менен қырылысты. Күшлилери әззилерин жоқ қылып жиберди. Тек бир еки арыслан, жолбарыс қалды. Олардың аналы-балалы еки пилге тиси батпады: қасына жақынлаўға айбынатуғын еди.

Күнлер өте берди. Атаўға қайтадан тиришилик енди. Жерлер көк шөплерге малынды. Үлкен дарақлар қайтадан бой көрсетти. Онлаған күнге созылған нөсер жаўынның суўлары сайлар арқалы сарлап ақты, дәрьяның суўы тасып кәнарына сыймады. Жаўын жер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

диң кир-қоңын жуўып, апатшылық дақларын океанға қарай ағызып алып кетти. Тәбият өзиниң сақыйлығын Ҳаў атаўына қайтадан инамлады. Айнала гөззаллық липасларын кийди. Өсимликлер, дарақлар тез өсти. Кишкене пил үлкейип анасына теңлести. Бир күни екеўи жолға раўана болды. Көп жерлерди гезди. Өзлериниң бурынғы мәканларына келди. Жолларында ҳәр түрли ҳайўанлар сийрек гезлесип отырды. Бирақ өзлеринен басқа пиллерди ушырата алмағаны буларды қатты ренжитти, барлығы қырылып қалған екен деп муңайысты.

Бир-бирине уқсас күнлер тез өтип атыр. Үлкен ана пилдиң жүрис-турысының дым сәти қашты. Жүрсе аяғын зордан санап басады. Пил жүдә қартайған еди. Кейинги ўақытлары бир жерден қозғалмастан тура беретуғын болды.

Азанғы ўақыт. Аспандағы қалғып ушқан қуслар жағымлы намаларға сайрайды. Узақта жолбарыс пенен арысланның бақырған даўысы еситилди.

Бийик таўдың уша басынан жоқары қарай көтерилген күниң шашыраған нурлары көринди. Ашық далада еки пил қатарласып тур. Көкиреги алағадаға толы, ана пил қашшан ояў. Ким билипти, ол түни менен уйықламағанда шығар. Ол сәл баласы беткс нәзерин таслап:

— Уйқыңды ашағой балам,—деди ири даўысы менен. Күндеги анасының таныс даўысын еситип, анасына еркелеп ыңырсып, көп ўақытта барып уйқысын ашты.

— Балам,—деди анасы мүләйим түрде,—саған айтатуғын сөзим бар, көп ўақыт болды, айта алмай жүргениме. Сен жақсылап тыңла ҳәм айтқанымды орынла. Мен қартайдым балам ҳа, ана таўдың жанбаўырында пиллердиң қойымшылығы бар. Мени соған апарып тасла. Жолды өзим баслайман, сен еле әўлийени көрген жоқсаң ҳәм себеп пенен көрип қайт.

Бүгиннен қалсам кешигемен, әўлийеге жеткендей ғана ҳалым бар. Өзимниң шамамды өзим билемен. Сүйегим дүзде қалып, масқара болмайық. Басқа ҳайўанларға уқсап пиллердиң сүйеги далада қалмайды. Бизлердиң усындай кийели қәсийетимиз бенен



www.ziyouz.com kutubxonasi

басқа ҳайўанлардан парқымыз бар... Уйқысын шала ашқан пилдиң баласы анасының азан менен айтқан қорқынышлы хабарына қуйқасы жуўлап, көп ўақытқа дейин недерин билмей, анасына қарап - лал болып қалды.

— Ана жаным, бул не дегениңиз, қалай мен сизди өлимге қыяман, сенсиз мен қалай жасайман... деп еки көзинен жасын төкти.

— Өй деме перзентим, ҳәммесине көнлигиўиң керек. Мен көп жасадым, ҳеш арманым жоқ, бирақ сениң жалғыз қалып баратырғаның өкинишли. Мүмкин басқа пиллер бар шығар. Мени апарып таслаған соң табарсаң. Илайым өрисиң кең, падаң көп болсын, тентегим.

— Пил баласының еңиреп жылап турғанын көрип тәселле бере баслады.

— Бүйтип нәмәрт болма, перзентим, Дүньядағы қурғақта жасайтуғын мақлуқлардың ең күшлиси мәрт, биймәлел, ақыллысы бизлер боламыз. Арыслан болсын, жолбарыс, басқасы, болсын өзинен басқа күшсизлерди қолынан келсе жоқ қылғысы келеди. Кешеги болып өткен апатшылық ўақтында тәбияттың қырып атырғаны аздай, қанша мақлуқларды жоқ қылмады дейсең. Не деген ахмақшылық, не деген жаўызлық.

Еле заманның раўажланыўы менен барлық ҳайўанлардың ақыл ҳуўшы жетилисип бир-бири менен татыў жасайтуғын болады. Бундай бахытлы заманды сен өз көзиң менен көресең де. Барлық жанлы мақлуқлар көп жасаўы керек, қартайып, өз әжелинен өлиўи, бир бириниң қолынан өлмеўи дәркар. Ал жүре ғой балам, кеттик,—деп туўры қубла тәрепке қарай жол баслады. Қайғы ҳәсиретке толған баласы еңиреп жылаўы менен анасының изине ерди. Пиллер көп жол жүрди. Тап күн сәске болғанда таўға жетти. Жоқары қарай өрмеледи. Таўдың қызғын түсли таслары күнниң ыссылығынан оттай жанып турған еди. Бирақ пиллердиң жуўан ҳәм қалың табанлары буны ҳәм кәрине келтирместен, алдына қарай биймәлел жүре берди. Таў тик жарлы емес, жайпаўытлар ҳәм булардың таўға өрмелеп баратырған жери үлкен гөне жолдың сүлдери еди. Соңлықтан таўға өрмелеў онша қыйын соқпады. Сонда да жүдә қартайып, өлим ҳалатындағы ана пил аяғын зордан көтерип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

еплеп адымлады. Тәўирақ жерге дейин туўры алдына жүрип барып, оннан соң арқа батысқа қарай қайырлып, қыялап жүрди. Изинде киятырған баласы анасының қыйланып, зордан аяқ басқанына аянышлы қарап, жығылып кетпегей деп жүдә сергек болып келе берди; Булар сол жүриси менен үлкен ойпатлықтың ернегине келип шықты.

— Мине балам киятырған жеримизгеде келип жеттик,—деди анасы азмаз тоқтап, аўыр гүрсинип демин алды ҳәм эсте ақырынлық пенен төмен қарай түсе баслады.

Айналасынан бир неше метр төмениректе жатқан ойпатлықтың көлеми онлаған гектар болып, дөңгелек формада еди. Булар төмен түскенде ойпатлықта толып атырған пилдиң сүйеклерине үймелеген қара қуслар үркип, қанатын сапатлап жоқары қарай көтерилди ҳәм сарқып ушып таўдың бийик шыңына барып қонды.

Ҳәр жер, ҳәр жерде үйилип жатырған пилдиң үлкен сүйеклери. Араларында әййем заманлардан берп жатырған мамонттың гиддиман сүйеклери де табылады.

Ана пил сүйеклердиң жүдә ортасына бара бермей, шетирек жерге барып тоқтады.

— Мине, усы пиллердиң әўлийеси болады, балам, —деди айланаға нәзерин таслап. Усы жерде бизиң барлық ата-бабаларымыздың сүйеклери жатыр. Енди кете бер балам, мениң қалған жеримди анықлап билип кет. Көп жасағайсаң, қартайғанда мениң қасыма келип жан тапсырыўды умытпа. екеўимиздиң сүйегимиз бир жерде жататуғын болсын.—деди пил баласына қарап қамығып.—Баласы бийшара анасына ҳеш нәрсе дей алмады, тек көзинен жасы ағып, жылай берди ҳәм жақын келип, басын анасының басына тақап аймалады. Көзин анасының көзине басып бираз турды.

— Кете бер балам, анасынан туўылған нәрсе өлиўи шәрт, өлим қорқынышлы нәрсе емес ҳәм буған жүрегиңди езип қапа болыўдың ҳәжети жоқ. Изиңе айланшықлай бермей тез кете бер. Илайым бахытлы болғайсаң. Бирақ бахытқа да, бахытсызлыққада төзимли бол. Кимге болсада хызмет ислеўге туўра кел-



www.ziyouz.com kutubxonasi

се, айтқанын шын ықласың менен орынла. Пиллердиң қәсийетли дәстүрлери мине усыннан ибарат. Ал, яқшы кете бер, хош еркем, — деди пил баласына ыптыға қарап.

Пил анасы менен хошласып, анасының турған жерине дыққат пенен нәзерин тигип, ғырра кейнине айланып, келген жолы менен жолға раўана болды. Анасының турған жеринен әўлийениң таўға шығар ернегине дейин неше адым екенлигин санап билип алды ҳәм буны ҳеш ўақыт ядынан шығармаўды ишинен түйип қойды. Пил әўлийениң ишинен шығып, жоқары қарай өрмелеп, изине қайырылып, ернекте турған анасына телмирип қарап турды. Анасының бир орында қозғалмастан тик турған гидиман турпаты нәҳән тастан қашап ислеген үлкен монументаль скульптуралық ескерткишке мегзес еди. Анасы баласының қарап турғанына көзи түсип қатты ыңыранып бақырып жиберди. Баласы да жууап ретинде бир бақырды да, изине айланып, көз жасларын сел қылып, туўры алдына жүрип кете берди. Таў-таслар еки пилдиң құдиретли даўысына саза берип, таў иши гүңиренип кетти. Пил елиў қәдемдей узақлаған ўақытта әўлийе беттең аўыр бир нәрсениң гүрс етип жерге қулаған сести шықты. Бийшара пилдиң анасы өлген еди.

Пил өзиниң анасы менен келген жол менен адымын керип таслап, пәтли жүрип отырды. Ҳә, демей дәрьяның бойына келип, шөли қанғанша суў ишип, дәрьяны жағалап жүриўин даўам етти. Дәрьяның ишинде бегемотлар тур. Дәрьяның жағасында крокодиллер жатыр. Қуйрық жағы суўда жатырған крокодил тисин ақшыйтып күнге қыздырынып атыр, көгерпинге қусаған бир қус крокодильдиң тисиниң арасындағы жеген аўқатының қалдықларын шуқлап жеп атырыпты. Крокодиль қустың тисин тазалағанына ырза болғандай көзин бақырайтып тырп етпей жатыр. Көўли ғам-ғуңгe толған пил буған ҳеш нәзерин аўдармастан алға қарай кете берди. Шеп жағына қайрылды да, сийрек тоғайлардың иши менен жүрди. Ири ағашлар сийрек болсада түйе сиңирге қусаған шырмаўық шөплер, ҳәр жерде шоқалақ-шоқалақ болып турған бүклер, қамыслар алдында не барын көрсетпес еди. Күн-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашық. Елп еткен самал болмағанлықтан күнниң ыссылығы кем-кемнен көтерилип баратыр. Күн тал түс болды. Бир ўақытлары наў қарағай қамыслардың арасынан шыға келген алты арыслан ҳеш нәрседен хабарсыз киятырған пилге бирден тәп берди. Бундай топылысты күтпеген пил албырап қалды. Сонда да алдынан келген арысланның биреўин узын тумсығы менен жиңишке белинен орап алып, пәт пенен бирден жоқары көтерип, аяқларын селтеңлетип, бир неше минут услап турды да, жерге былш еттирип атып урды. Аяқлары менен женишти, арысланның көзи бақырайып, уясынан шығып кетти. Жыртқыш сол минутта жан тапсырды. Бирақ арысланның биреўи пышықтай сылп етип пилдиң үстине шығып алып, алдыңғы еки аяғы менен пилдиң еки көзин тырнады. Буннан кейин қулағына аўыз салды, пилдиң сыпырадай болған бир қулағын өткир тиси менен ғырш еттирип жулып алды. Арт бетинен асылған биреўи пилдиң келте қуйрығына аўыз салып, тап шондысы менен жулып алып, жалмап-жалмап бир жутты.

Қапталдан асылған күшиклеў арыслан аўыз салған жеринен шаппаттай-шаппаттай гөшлерин жулып ала берди. Пил қызыл қанға боялды, ҳәлсиреди, ашыўлы түрде қатты бир бақырды да, гүрс етип жерге қулады. Пилдиң жерге қулаганын көрген арысланлар ҳәммеси аўыз салып, жулмалап жеўге қарады. Жас арысланның «тоқтаң?»—деген қәҳәрли ҳаўазы шықты. Ҳәммеси тоқтап, оған жалт қарасты.

— Пил бизлерден жеңилди. Буны өлтирмейик, тири қалдырып, хызметимизди қылдырайық, жүк тасытайық шаршасақ, минип жүрейик,— деди.

Бул сөз ҳәммесине де мақул түсти, бес арыслан жерде жатырған пилдиң турыўын күтип, басында үймелесип турды. Турағой,—деп биреўлери басын көтерди, екиншилери аяқларынан тартты. Есеңкиреп қалған пил әллен ўақытлардан кейин көзин ашты, ептеп орнынан турды. Турған соң да басы аўылжып, тентиреклеп қулап қала жазлады, бирақ арысланлардың тутқынына түскен пил әсте адымын атып жүре баслады.

Пилдиң үстине минип алган бағанағы пил менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

болған сайашта өлген арысланның баласы еди. Сол — сол екен, күшик арыслан еншисине тийген пилди көлигиндей меншиклеп алды.

Пилдиң аянышлы қуллық дәўири басланды. Таң атқаннан күн батқанша арысланлардың хызметинде тақ турды. Хәммеси жыйналып, тоғайдағы аңларды аўлайды. Услаған аўлардың өликлерин пилге артып узақтағы таў үңгирлерине апарады. Иси ериккен жыртқышлар пилге узын ҳәм жуўан ағашларды қопарттырып үстине артып, тоғайдың сийрек, ашық жеринен қора тақылетте бир нәрсе иследи. Ишин аңлардың өликлерине толтырып, қашан таўсылғанша жеп жата берди.

Әдепки ўақытлары жүдә татыў болып атырған арысланлардың бара-бара аўыз биршилиги қашты. Өлимтикке таласып, еки арыслан бирин—бири өлтирип қойды. Тағы биреўи таўдан секиремен деп мертилип өлди. Ақырында еки арыслан қалды. Булардың биреўи жүдә қартайған, ал екиншиси пилди минип жүрген қәдимги жас арыслан. Екеўиниң арасында да бир күни келиспеўшилик келип шықты. Жәнжел пил жөнинде болған еди. Ғарры арыслан өзиниң өкпесин пил үстинде отырған жас арысланға асықпастан айта баслады.

— Мен болсам қартайдым. Кем-кемнен жүриў аўыр болып баратыр, сонлықтан пилди маған бериўиң керек, ал сен болсаң хеш нәрсени ойламайсаң. Қаршадай болып пилдиң үстинен түспейсең,—деди.

Пилдиң үстинде шоңқайып отырған арыслан төмендеги сөйлеп турған арысланның сөзин шорта бөлди:

— Мениң анамды усы астымдағы пилдиң қалай өлтиргенин өз көзиң менен көрдиң. Сол караматлы анамның қаны ушын бул нәлетийди өмиримниң ақырына дейин қуллық буғаўынан шығармай өлим азабы менен ойнатып қойыўым керек. Бул мениң меншигимдеги мүлик, буған сен бийкар араласып отырсаң,—деди ашыўлы түрде.

Ғарры арыслан тағы сөзин даўам етти:

—Анаңды өлтирген усы пилди ҳәммемиз тутқынға алдық. Егерде бизлер болмағанда сениң, ҳәтте анаң екеўиңиздиң усы пилге күшиң жетерме еди? Қалай сениң буны меншигимдеги мүлким деп атаўға тилиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

барды. Әй, ақмақ, пәмсиз күшик,—дегени де сол еди, пилдиң үстиндеги арыслан ғарры арысланға бирден атылып, ашыў менен өсик жалын ет териси менен жулып алды. Өзиниң жас арыслан менен алысыўға күши жетпей турғанлығын сезген ғарры арыслан өлердеги сөзлерин айтып жалына берди.

— Сени қай қудай урды, пилиң өзиңе ардана болсын. Әкенди көрип едик; шешең менен бирге жүрдик, өзимиздиң баламыз деп еркинсинип айта қойып едик, ендигиден былай индемей-ақ қояйық...

Ғарры арысланның зарланып шыққан жалынышлы сөзлери жас өжет арысланның ашыўын қайтарды. Қайтадан булардың қызығына қарап турған пилдиң үстине қарай ырғыды. Ғарры арыслан болса мойнының қаны сорғалаўы менен туўры арқаға кете берди. Өткир пәнжелери менен төрт жерден бүрип, услап, пилдиң кең жаўырынында тикке түргелип турған арыслан ҳаплығыўы басылғанша ғарры арысланның изинен қалың ҳәм узын ағашлар арасына кирип, көзден ғайып болғанша қарап турды.

— Әй, ақмақ неғып турсаң, жүрсең-о!..., — деп пилдиң саўырсына пәнжеси менен шарп еттирип қатты урып жиберип еди, пил шаўға жөнелди. Мине, соннан қайтып ғарры арыслан булардың көзине түспеди.

Сөйтип екеўи-бир пил, бир арыслан дүньяның усы бөлегинде жасай берди...

Арыслан ҳәддинен асты. Пилди минип жүрип, азаннан кешке дейин ақ аң аўлайды. Қулқынын тойдырып болған соң ишкен жегеним тарасын дегендей өрденыққа шапқылап қуйрығын жерге сабалап, ырылдап, тап қутырған ҳалатына келер еди. Таўдың бийик төбелерине сып етип шығып, екинши төбеге қарай секиреди. Ол жерден тағы өзин төменге қарай атады. Егер қарап турған адам болғанда төмендеги таўдың тасына түсип, мылжа-мылжасы шығар деп ойлар еди. Бирақ арыслан қуйрығын жоқары қарай тип-тик шаншып, төрт аяғын бир жерге топлап қосып, жерге женжеңил томп етип түсип тағы өрден-ыққа шапқылайды.

Усы жүрисинде ол бираз ўақытқа дейин ойнақлап, түн ярымынан кейин үңгирине келип, аяқларын көсилип, дүс-төменине жатып, уйқыға кетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал пил болса, арыслан арқасынан түсиўден күни менен сегбирден шаршап атырғанлықтан көп жерлерге дейин отлап кете береди. Бийик ағашлардың шақаларын тумсығы менен ийип алып жейди. Тойып болғаннан кейин дәрьяға келип, узын тумсығы менен суўды насостай симирип суў ишеди. Пил отлап қайтып келгенде арыслан әллеқашан өзиниң үңгиринде уйықлап жатады. Пил оған сәл бурылып нәзерин таслап селт етпестен жүрип былайырақ барып, тикке турып буйығатуғын еди.

Таң атып, бийик таў төбелериниң арасынан алтын күнниң нурлары шашырап көриниўден арыслан жатырған жеринен ыңыраңып турып, пилдиң арқасына секирип минип, күндеги әдетинше баса аўған жағына раўана болады. Азан менен жаңа басланып киятырған тоғайдағы ҳайўанлардың уў-шуўы булардың киятырғанын көрип жым-жырт болады.

Бир-бирине усайтуғын санаўсыз күнлер биринен соң бири дизбеклесип өте береди...

Арыслан соңғы ўақытлары жүдә жаман болып кетти. Ашыўшақ. Пилдиң үстинде киятырып узақтан бир жанлы мақлуқ көзине түссе болды, астындағы пилге; «ал, шап!»—дейди. Пил бийшара қос аяққа салып шабады. Оғанда қанаатланбастан, пилдиң үстинен секирип түсип, қашып баратырған аўының изине ғырлап түседи. Изине жете қойса пыт-шытын шығарады... Бирақ кейинги ўақытлары арысланның пәнжесине тыйымлы нәрсе түспейтуғын болды. Пәнжесине ҳеш нәрсе илинбеген күни адам айтып жеткизе алмаслық ашыўда болып, қутырынатуғын еди. Бундай ўақытта ол барлық ашыўын пилден алады.

Мине, бүгин, арыслан таң азан менен аңға шықса да қулқыны ушын ҳеш нәрсе тута алмады. Күн тал түс болды. Пилдиң үстинде киятырған арысланды тас төбесинде шағырайып турған күнниң ыссылығы шыдатпай баратыр. Жер дүньяны балқытып, күйдирип баратырған күнниң, аптап ыссылығынан ҳәм ашлықтан арыслан албырап, бийтақат болды. Пилдиң арқасын тырнап, қаттырақ жүр»—деп бақырды.

Қара терге шомылған пил еки жағы дийўалдай тиресксен қалың ағашлардың арасы менен алдын кес-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кеслеген майда-шүйде ағашларды писент етпестен жапырып басып, бираз ўақытта ашықлық даланлыққа шыға келди.

— Дәрьяға!—деген үстиндеги арысланның зилли буйрығын еситиўден ҳә демей-ақ дәрьяның бойына жетип келди. Пәтли ағып турған дәрьяның ғырра жағасында күндеги әдетинше арқасындағы арысланның секирип түсиўин күтип турды. Бирақ арыслан түсе қоймады. Оның орнына жоқарыда жекиринген даўыс шықты:

— Қәне, тумсығың менен дәрьядан суў алып, маған суў иштир, төмен түсиўге еринип турман, — деди арыслан.

— Пил тумсығы менен суўды симирип тартып, тумсығын жоқары көтерип, үстиндеги арысланға суў иштирмекши болды. Бирақ суў аңқайып ашқан арысланның аўызына дурыслап қуйылмады, басына төгилди. Оннан сайын әбден арысланның ашыўы келди. Пилди жулмалады, тырнады, ашыўы келип сөгиўден силейтип салды. Пилди жүдә ыза керпен. шыдамы таўсылды. Бирақ өзин илажсыз басып, ойына әлле қандай бир қыял келди. Үстиндеги арысланға гүңиренип сөйленди:

— Ҳәзир саған суў иштиремен берман жақынлаңқыра, сөйтип кесе тур. Белиңнен орап алып, аўзыңды суўға тийгиземен, керегинше өзиң ишерсең,—деди. Ҳеш нәрседен гүманланбаған арыслан пилдиң айтқанын иследи. Пил узын тумсығы менен арысланның аш белинен орап алып, суў иштиретуғындай болып дәрьяның ишине батырып жиберди. Орағанын жаздырмастан арысланды суўдың астында онлаған минут услап турды, арыслан жан айбатында қанша күшли тырбанса да түби тереқ дәрьяның ишинде аяқлары ҳеш нәрсени илмеди, суўға мантығып ҳалдан кетти. Сол ўақытлары ғана пил арысланды жаздырды. Арыслан пәтли ағыс пенен анадай жерден зоңқ етип шығып, бир еки метр жерге дейин ығып барып, дәрьяның түбине батып кетти.

Пил арысланның батқан жерине бираз қарап турды да, қайтып ҳеш нәрсе көринбеген соң, суўды қанғанша симирип ишип, дәрьяны жағалап кете берди. Күн



www.ziyouz.com kutubxonasi

қанша қапырық ыссы болғаны менен дәрьяның жағасы салқынлаў. Әстен ескен самал пилдиң күнге күйип, шыл пәрше болған арқасын, арысланның өткир тырнақлары жаралаған саўрысын ыссылық сыйпалағандай болды.

Қорқынышлы арыслан — жыртқыштың набыт болғанын атаўды мәканлаған барлық мақлуқларға биреў хабарлағандай ҳәммеси дәрья жағасына жыйналып қалыпты. Жыйналғанлардың барлығы қуўанышлы еди. Таў-тайлақлар уп-узын мойнын сәл төмен ийип, пил қасынан өткенше өзлериниң алғысын билдирип турды. Қуланлар қуйрықларын түйип, қуўанышлы түрде киснеп шапқыласып ойнады. Әлле қаяқлардан бир хабарды еситип, қуўанышы қойнына сыймаған кийиклер бир-бири менен жарысып-шағысып жүр. Шимпанзе маймыллары бәри бир жерге жыйналып, қасынан өтип баратырған пилге қарап, ыржыйып күлип қолын былғап, арысланды жеңип шыққаны ушын пилди шын ықласлары менен қутлықлады.

Ал пил болса, өзине айрықша питкен ерлик, баҳадырлық тутымын бузбастан маңқыйып, даланы толтырып, адымды кеңнен таслап, асықпай дәрьяны жағалап кетип баратырған еди.

Жыйланған ҳәр түрли ҳайўанлар дүньяның усы мүйешине мәңги тынышлық бахыт әперген кәраматлы алып тулғаның изинен шады қуррам болып көп ўақытқа дейин қарап турды...

— Олар усы күнлерде де жабайы, мен-мен ҳәм жыртқыш арысланды да, басқада жаўыз жыртқышларды—жыртқышлығы ушын жеркенишли түрде жаман көреди екен...

www.ziyouz.com kutubxonasi

**МАЗМУНЫ**

бети

Ана . . . . . . . . . . . . 3
Балалық . . . . . . . . . . . 11
Бизиң аўылдың баласы . . . . . . . . 15
Гүздеги суўық самаллар . . . . . . . 23
Пил ҳәм арыслан (ертек) . . . . . . . 35

На каракалпакском языке

**Джанабай Абдреймов**

СЛОН И ЛЕВ

Рассказы и сказки

**Издательство «Каракалпакстан»**
**Нукус — 1981**

Редактор **Т. Нажимов.**
Художник **Қ. Рейпназаров.**
Худ. редактор **И. Қыдыров.**
Тех. редактор **Б. Өтегенов.**
Корректор **М. Қыясова.**

**ИБ № 1061**

Териўге берилген ўақты 17/X—1980-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақты 15/V—1981-жыл. Қағаз форматы 84x108 1/32. Көлеми 1,5 Баспа табақ. 2,52 Шәртли баспа табақ. 2,53 есап баспа табақ, РҚ 03643. Тиражы 7000. Баҳасы 30 тийин.

«Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис қаласы. Қ. Маркс көшеси 9.

ҚҚАССР баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик комитетиниң «Правда» ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ 50.

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баҳасы 30 т.

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ 1981

www.ziyouz.com kutubxonasi